

**RAPÒ
ANT
SOSYETE CIVIL
AK
POUVWA PIBLIK YO AN AYITI**

Gresye, Ayiti, 20- 22 jen 2006

Atelye entènasyonal òganise ansanm ak

**Sant
Devlopman ak Sivilizasyon - Lebret – Irfed**

ak

Enstiti kiltirèl Karl Lévêque



Nou vle di Enstitisyon sa yo mèsì:

Aksyon Karèm, nan peyi Laswis,
Kodèd, nan Peyi Ba,
Sekou katolik, nan peyi Lafrans,
Ak Anbasad peyi Lafrans nan Pòtoprens an Ayiti,

Pou èd finansye yo te bay ki te pèmèt travay sa a reyalize.

Nou di mèsì tou:

Komite Katolik Kont Lafen ak pou Devlopman (ki gen ti non jwèt li ki rele CCFD) nan peyi Lafrans, pou soutyen li te bay pandan ane avan an pou ankèt la te ka fèt ak atelye a tou.

RAPÒ ANT SOSYETE CIVIL AK POUVWA PIBLIK YO AN AYITI

Gresye, Ayiti, 20- 22 jen 2006


Atelye entènasyonal òganise ansanm ak

**Sant
Devlopman ak Sivilizasyon - Lebret – Irfed**

ak

Enstiti kiltirèl Karl Lévêque



 **ACTION DE CAREME**



Cordaid 
Memisa-Mensen in Nood-Vastenactie

**SECOURS
CATHOLIQUE** 
Caritas France



SOMÈ

I. OGANIZATÈ YO	6
II. PATISIPAN YO	7
III. PWOGRAM ATELYE A.....	8
IV. SA KI TE MENNEN NOU FÈ TRAVAY SA A AK OBJEKTIF YO....	9
V. REZILTA ATELYE A	10
VI. KONKLIZYON ATELYE YO	12
ANÈKS 1.....	13
ANÈKS 2.....	15
ANÈKS 3.....	17
ANÈKS 4.....	24
ANÈKS 5.....	25
ANÈKS 6.....	28
ANÈKS 7.....	34

I. OGANIZATÈ YO

Sant Pou Devlopman ak Sivilizasyon Lebret-Irfed

Sant Entènasyonon pou Devlopman ak Sivilizasyon- Lebret-Irfed (ki gen non jwèt li ki se DCLI¹) chita nan peyi Lafrans, se yon oganizasyon entènasyonon ki gen anpil moun ki kwè nan devlopman kap batay pou transfòmasyon sosyete a ak yon seri valè nou pa ka nye tankou:

- chèche yon devlopman san fòskote epi kap dire kote se moun ki baz devlopman sa a²,
- nesite pou popilasyon an patisipe nan pwòp avni ekonomik li, sosyal li, kiltirèl li ak espirityèl li,
- obligasyon pou nou makonnen pwojè devlopman yo nan yon kad lokal rejyonon ak mondyal.

Sant lan òganize rankont ak atelye travay entènasyonon yo pou fasilite aktè ki sou teren yo ki twouve yo sou tout kontinan yo epi ki soti nan milye sosyal, kiltirèl ak relijyon ki diferan youn ak lòt, souvan ki ap viv nan kontèks politik ki manke estabilite epi ki manke estrikti, pou yo ka pataje pwòp eksperyans yo. Rankont sa yo chita sitou sou metòd rechèch-aksyon.

Sant lan gen anpil fason pou fè konnen sa lap fè : Gen yon sant nou ka jwenn tout dokiman yo, sou sit wèb li, nan konferans li òganize epi tou li gen yon revyi li konn pibliye chak mwa ki rele « *Développement et civilisations*³ ». Tout mwayen kominikasyon sa yo pèmèt tout moun okouran travay ak rechèch nap fè, yon fason pou yo ka reflechi sou yo. Konsa tou, nou konn fè fòmasyon pou nou ka reponn kesyon epi satisfè bezwen aktè kap travay sou kesyon devlopman an pou yo ka mete an pratik bon lide yo genyen yo.

¹ Louis Joseph LEBRET (1897-1966), pè dominiken, se youn nan premye moun ki travay sou « Economie humaine ». Fondatè « Economie et Humanisme », li se ekspè nan ekonomi nan CNUCED ki te kreye nan lane 1964. Li te konseye tou nan konsil vatican II soti lane 1962 pou rive nan lane 1965, li te konn bay lide li epi li te konn ekri ak lòt moun nan *Encyclique* « Populorum progressio » nan lane 1967, li pat sèlman konn bay lide, oubyen fè rechèch, men li te yon nèg kap poze aksyon tou epi li te patisipe nan gwo mobilizasyon tou. Li te kreye epi dirije pandan prèske diz an (1958-1966) yon oganizasyon ki rele IRFED (Enstiti Entènasyonon pou Rechèch ak Fòmasyon pou yon Devlopman Amonize). Se pou li te ka reyalize revyi li te genyen sou kesyon ekonomi ki gen rapò ak moun onivo entènasyonon. Konsa li te kreye yon bann chantye pou planifye devlopman an (nan peyi tankou Liban, Senegal ak Brezil) epi oganize nan Pari yon pwogram fòmasyon sou devlopman ki te konn resevwa etidyan nan lemond antye. Devlopman ak Sivilizasyon-Lebret.IRFED se swit IRFED Pè Lebret te kreye nan lane 1958 la epi tou, li se swit Sant Entènasyonon L.-J. Lebret.

² Devlopman chak grenn moun epi tout moun.

³ Jiska lane 2006 revyi sa a te rele « Foi et Développement »

Enstiti Kiltirèl Karl Levêque

Enstiti kiltirèl Karl Levêque⁴ (ki gen non jwèt li ki se ICKL) se yon fondasyon ayisyen prive, ki pa baze ni sou relijyon ni sou fwa moun. Li pap travay pou tire pwofi epi li pa gen okenn lyen ak okenn pati politik. ICKL te fonde nan lane 1989, li se yon sant kote moun ap reflechi, ap analize sosyete a epi ki ap fè edikasyon popilè. Li vle pote patisipasyon pal nan batay kap mennen pou libere moun ki pi pòv yo nan sosyete a, pandan lap bay lide l (refleksyon) analize epi akonpaye òganizasyon popilè yo. Li vle :

- patisipe nan yon travay ijan ki se panse fason politik an Ayiti dwe òganize.
- patisipe nan pote limyè sou blokaj kèlkeswa nan tewori ou byen nan pratik mouvman popilè yo.
- mete sou pye yon espas kote moun ka lite, ka menen batay la jan yo vle, san yo pa sou lòd, yon espas ki striktire.

Lap chèche devlope nan mitan mouvman popilè a, yon jan pou moun yo ka pran konsyans. Li chèche ankouraje moun yo pataje eksperyans lit yo mennen yo ki jan yo oganize yo atravè peyi ak lot kote nan lemond. Pou reyalize bagay sa yo, li prepare pou òganizasyon de baz yo, yon seri zouti pedagojik.

⁴ Se te yon pè jezwit, li te fèt Okap, li te genyen yon doktora nan filozofi. Li te kite peyi a sou rejim François Duvalier a lè li tap prepare novisya l. Aprè rejim Duvalier a te fin tonbe, li fè yon ti vizit nan peyi a epi li tap prepare retou li nèt an Ayiti. Domaj lanmò pat ba li chans pou li te wè peyi a ankò. Pandan li tap viv nan egzil, li te enplike nan lit kominote ayisyen ki nan Monreyal tap mennen kont rejim Duvalier a epi li te konn anime yon òganizasyon revolisyonè ki rele « Annavan ». Yo te apresye anpil editoryal li te konn fè sou radyo CIBL, pou tèt bèl analiz li yo.

II. PATISIPAN YO

Plis pase karant moun te la nan atelye a⁵.

- Pou chak òganizasyon, te gen youn oubyen de moun ki reprezante. Te gen trèz òganizasyon de baz ak ONG ki te kontakte nan kad yon ankèt preliminè ki te mennen pandan mwa jiyè ak mwa dout 2005 lan.
- Kèk òganizasyon ki pat kontakte nan ankèt ki te fèt la, men ki te jwenn envitasyon ki soti swa nan sant entènasyonal Lebrèl-Irfeid swa nan ICKL, 2 enstitisyon ki te òganize rankont lan.
- De (2) moun ki te sòti nan Sendomeng ki te reprezante :
 - yon ONG kap bay bourad nan zafè edikasyon,
 - yon lòt ki te vin pataje eksperyans patisipativ li nan zafè rapò sosyete sivil ak pouvwa piblik.
- Yon chèchè kiben ki se manb rezo entènasyonal devlopman ak sivilizasyon.

Moun ki te pran lapawòl yo (entèvenan yo) se:

- Laënnec HURBON, pwofesè nan Inivèsitè Kiskeya Pòtoprens, direktè rechèch nan CNRS⁶ nan Pari.
- Camille CHALMERS, direktè PAPDA⁷
- Marc-Arthur FILS-AIMÉ, direktè Enstiti Kiltirèl Karl Levêque
- Necker DESSABLES, pwotektè sitwayen
- Jean-Renol ELIE, espesyalis nan zafè desantralizasyon
- Andre Lafontant JOSEPH, espesyalis nan zafè desantralizasyon.
- Jorge BALBIS, irigweyen sekretè egzekitif ALOP⁸, ki te vini kom vis prezidan pou Amerik Latin ak Karayib yo pou sant devlopman ak sivilizasyon LEBRET-IRFED (DCLI).

⁵ Nou ka jwenn lis tout moun ki te patisipe nan atelye sa a nan Anèks 1.

⁶ Sant Nasyonal Rechèch Syantifik nan Pari

⁷ Platfòm Aysyen kap Plede pou yon Devlopman Altènatif

⁸ Asociacion Latinoamericana de Organizaciones de Promocion Popular

III. PWOGRAM ATELYE A

19 jen

Patisipan yo rive

20 jen

Nou Akeyi patisipan yo

Yo prezante yo

Enstitisyon kap òganize atelye a prezante tèt yo

- Devlopman ak sivilizasyon - Lebret-Irfed

- Enstiti kiltirèl Karl Levêque

Atelye a Kòmanse. Raple moun yo sa ki fè atelye a rive fèt ak objektif atelye a.

Analiz rezilta ankèt la ak patisipan yo

Ankèt la selon kontèks peyi d'Ayiti

Entèkansyon : Laënnec Hurbon, Camille Chalmers,

Marc-Athur Fils-Aimé, Necker Dessables

Diskisyon ak deba

21 jen

Rezime ak sentèz travay ki te fèt nan premye jounen an

Yon egzanp rapò ant sosyete sivil ak pouvwa piblik nan Sandomeng.

Entèkansyon Marcos Nunez ak Manuel Gil

Travay an ekip: Kèk endikasyon ak kèk priyorite

Desantralizasyon :

Entèkansyon Jean Renol Elie

22 jen

Rezime ak sentèz travay ki te fèt pandan 2^{yèm} jounen an

Desantralizasyon swit:

Entèkansyon André Lafontant Joseph

Ayiti nan kontèks peyi Lamerik Latin yo ak Karayib yo.

Entèkansyon: Jorge Balbis

Patisipan yo fè evalyasyon atelye a,

Atelye a fini,

Patisipan yo rantre lakay yo

IV. SA KI TE MENNEN NOU FÈ TRAVAY SA A AK OBJEKTIF YO

Depi lane 2001⁹, Sant Devlopman ak Sivilizasyon Lebret-IRFED ap prepare epi reyalize ak manb li yo oubyen ak lot patnè ki an rezo a, yon seri rankont sou tèm ki rele « **Pawòl sivilizasyon yo** », epi tou sou « **Rapò sosyete sivil ak pouvwa piblik yo** ». Se konsa yon bann seminè te fèt nan kèk gran rejyon nan mond lan, tankou nan peyi Etyopi, nan peyi Liban, nan peyi Tcheki ak nan peyi End. Gen lòt ki ap prepare kounye a nan peyi Repiblik Demokrasi Kongo ak nan peyi Irigwe.

Nan lane 2002, kèk ayisyen ki manb rezo a, te prezante yon pwojè avèk lide pou yo reflechi sou rapò ant sosyete sivil la ak pouvwa piblik, yon fason pou yo te ka reponn objektif sa yo :

- Mete an valè rapò pratik ant sosyete sivil ki òganize a ak pouvwa piblik yo nan nivo lokal, sa kap pèmèt yon veritab egzèsis demokrasi lokal onivo popilasyon an.
- Sèvi ak eksperyans ki fèt yo pou nou ka fè kèk pwopozisyon ki byen klè pou nou ka mete an plas yon politik piblik ki vize popilasyon an (sitou nan kesyon politik sou desantralizasyon an).
- Mete efò sa a nan yon anbyans nasyonal, rejyonal ak entènasyonal.
- Pwofite de refleksyon DCLI ki fèt sou menm tèm nan, nan lòt rejyon nan mond lan epi fè lot rejyon yo pwofite tou, refleksyon ki fèt an Ayiti e nan rejyon an.

Objektif sa yo ap realize nan bagay sa yo :

- Yon premye etap, fè ankèt pou nou konnen yon seri eksperyans nan plizyè rejyon e nan plizyè domèn. Nan yo, nou ka wè reyalite sou kesyon relasyon ant sosyete sivil la ak pouvwa piblik yo nan nivo lokal.
- Yon dezyèm etap, fè yon atelye restitasyon ak refleksyon ak tout enstitisyon, òganizasyon ak moun ki te patisipe nan ankèt la, kèk ONG akonpayman ak kèk patnè nou te envite nan rejyon an. Pou yo ka analize eksperyans yo prezante yo, konsa, yo ka pwopoze kèk prensip ki ka fè nou vin amelyore pratik demokratik yo.

Malerezman, pwoblèm politik ak ekolojik an Ayiti kontinye anpeche plizyè fwa malgre demand pati ki konsène yo reyalizasyon pwojè a nan kondisyon epi nan peryòd ki te prevwa pou sa anvan an.

Finalman, ankèt la¹⁰ te resi fèt nan mwa jiyè ak nan mwa dout 2005 epi atelye nan dat 20, 21, 22 jen 2006.

⁹ Nan mwa doktòb 2001, nan yon patenarya ak "Komisyon Ekonomik pou Lafrik", Sant Lebret te organize a Adiyabeba nan peyi Etyopi, yon seminè ki rele : "Sosyete Sivil, devlopman lokal ak mondyalizasyon. Ka peyi mwen avanse yo (PMA)".

¹⁰ Pierre Enocque FRANCOIS, yon Ayisyen ak Vincent DIOP, yon Senegalè te reyalize ankèt sa a soti 5 jiyè pou rive 10 out 2005 bò kote 13 òganizasyon lokal ak ONG ki akonpaye òganizasyon yo tou. Nenpòt moun ki mande yon egzanzplè ka jwenn yon rapò ankèt sa a.

V. REZILTA ATELYE A

Selon tout patisipan yo, atelye a te pèmèt yon gwo pwogrè ni nan refleksyon ni nan idantifye priyorite yo. Nap prezante nou yon rezime diferan moman ki te pase nan atelye a. Konsa nap jwenn nan anèks yo, entèkansyon yo ak pwèn enpòtan ki te soti nan deba yo.

Analiz rezilta ankèt la

Yon lane pase, soti lè ankèt la te fèt la rive nan moman atelye a reyalize a! Enfòmasyon yo pa vyeyi, yo pa chanje men nou dwe fè yon ti pase sou yo paske se sou yo nou pral baze pou atelye a kòmanse. Epi gen kèk patisipan ki pa gen tout enfòmasyon yo. Konsa, tan nou pran pou patisipan yo gen tan konprann travay la te enpòtan anpil.

Objektif moman sa a se te bay patisipan yo sou fòm rezime sa ki pi enpòtan nan ankèt la. Se Vincent DIOP ak Pierre Enocque FRANCOIS ki tap anime pati sa a. Pandan moman pral pèmèt patisipan yo konprann pi byen baz solid atelye a pral konstwi a.

Analiz rezilta ankèt la montre yon fason klè, se òganizasyon peyizan yo ki reprezante majorite popilasyon peyi a, yo plis akote, ki pa nan zafè moun. Dayè yo deklare: "leta pa konnen nou, nou pa konnen leta non plis". Deklarasyon sa a ki jwenn espikasyon l nan istwa peyi a, men eske sityasyon sa a pa gen solisyon? Eske aktè sosyete sivil la ak pouvwa piblik yo kote yo tou 2 se premye konsène, pap janm fonksyone ansanm?

Elajisman vizyon entèvenan yo te bay la

Enfòmasyon nou te jwenn yo, ki se yon temwayaj vivan, rete sèlman onivo lokal, yo pa ramase tout bagay epi yo soti nan kèk sektè, yo byen espesyal. Pou nou fè yon etid sou yon ka, li te nesèsè pou nou te mete enfòmasyon sa yo nan kontèks

nasyonal la epi dapre konjonkti peyi a. Te gen 4 entèvenan ki te pale yon fason pou yo te ka pote kèk diplis sou istwa, sou kilti, sou ekonomi ak sou kesyon politik an Ayiti. Nan fason sa a, nou te chwazi pou nou te ka pran yon distans, ak eksperyans epi ak temwayaj moun yo te bay la kole ak yon kontèks ki pi laj ki mare youn ak lòt, vin mete enfòmasyon sa yo nan yon kontèks global ki ouvri entelijans nou epi ki fasilite deba yo. Elajisman etid sou ka sa a ka pèmèt nou bay yon sans epi pou gen yon enpak pi laj sou aksyon nou gen pou nou mennen chak jou.

Sa ki soti nan entèkansyon sa yo sè ke kesyon bliye ak mete akote anpil moun nan peyi a fè moun sa yo vin gen yon santiman ki fè yo kwè yo viktim. Bagay sa nan yo, yo kwè ladan l. Sa anpeche yo chanje, sa anpeche yo pran konsyans yo se sitwayen ki baze sou kesyon dwa ak devwa chak sitwayen ak chak sitwayèn.

Yon egzanp demokrasi patisipatif nan Repiblik Dominikèn.

Sa ki rete nan nivo lespwa an Ayiti deja komanse reyalize nan Repiblik Dominikèn. Marcos Nunez ak Manuel Gil bay egzanp yon eli lokal ki rive jere teritwa a gras ak yon seri jefò manch long ki te fèt nan zafè edikasyon popilè ak edikasyon òganizasyon.

Demokrasi patisipatif la kote eli lokal yo pral konsidere plas òganizasyon lavi yo chak, komanse reyalize nan Repiblik Dominikèn. Bagay sa a montre ki jan travay edikasyon popilè a ki komanse depi plizyè lane enpotan anpil pou ede aktè yo ki sòti nan sosyete sivil òganize a, ki kapab mete sou pye yon jesyon piblik ak lèd popilasyon an, yon fason pou konsidere bezwen yo ak priyorite yo.

Idantifikasyon defi yo, endikasyon kèk solisyon, priyorite yo ak pèspektiv yo.

Gras ak rapò ankèt la, pawòl ak entèvenan yo plis deba patisipan yo te souleve yo, patisipan yo idantifye, nan travay an ekip yo, youn aprè lòt, defi yo gen ansanm yo.

Konsa gwoup la te santi l nan po li ak enfòmasyon yo, tout patisipan yo te retwouve yo nan rezilta ankèt la, nan eksperyans ki te nan rezilta yo, Yo te apwofondi konviksyon yo ak kesyon yo, avan yo abòde zafè desantralizasyon an ki pou aplike an Ayiti, ki enskri nan kouran demokrasi patisipativ ki sou wout pou aplike nan tout Amerik latin nan.

Etid pwopozisyon desantralizasyon yo.

De (2) espesyalis nan zafè desantralizasyon an, Jean-Renol ELIE ak Andre Lafontant JOSEPH, te mennen anpil refleksyon sou sa ki rele desantralizasyon ak sa li ka pote kòm posibilite nan konstwi demokrasi a nan nivo lokal.

Ekspoze ak deba yo ki te fèt la pèmèt patisipan yo konstate gen espas ki egziste tout bon epi ki ka vin tounen yon veritab kanal operasyonel pou popilasyon an patisipe nan desizyon kap pran nan nivo lokal.

Espas sa yo enskri dabò nan Konstitisyon 1987 la ki bay patisipasyon demokratik yon kad enstitisyonèl pi souvan moun yo pa konnen, patisipasyon demokratik ki ka soti nan baz yo. Depi lè sa a, gen teks lwa¹¹ ki te adopte nan peryod tranzisyon an epi ki poko janm pibliye. Se aktè yo ki pou bay kò ak fòs pou tèks lwa sa yo ki sou pape vin aplike. Yon fòmasyon sou tèm sa yo ap enpòtan anpil pou rann aktè ki nan sosyete sivil ak eli lokal yo konpetan.

Ayiti nan konteks rejyonal Amerik Latin ak Karayib la.

Yon fason jeneral, nou ka di Ayiti pa konnen byen rejyon Amerik latin nan ak Karayib yo, se menm jan an tou, rejyon Amerik latin ak Karayib la pa konn Ayiti byen.

Jorge BALBIS, kòdonatè rezo ALOP (Asosyasyon nan Amerik Latin nan pou Promosyon Òganizasyon yo), ladanl gen 60 ONG e ki gaye nan 19 peyi nan rejyon an, te prezante yon veritab imaj chanjman sou kontinan an pandan karant dènye ane yo.

Ka peyi d Ayiti a, menm si se yon bagay apa, pa ka absan nan listwa ak lavni rejyon Amerik-latin ak Karayib la. Menm si li patikilye, li pa ka dekonekte de sa kap pase nan rejyon an. Epi tou tandans ak konjonkti nap obsève yo pa depaman

¹¹- Dekrè ki defini kad jeneral desantralizasyon an, prensip òganizasyon ak jan pou kolektivite teritoryal ayisyen yo fonksyone.

- Dekrè ki pale sou òganizasyon ak fonksyonman komin yo.

- Dekrè ki pale sou òganizasyon ak seksyon kominal yo.

VI. KONKLIZYON ATELYE YO

Yon evalyasyon sou plas

Patisipan yo te fè yon seri rekòmandasyon sou atelye a lè nou tap fè yon evalyasyon rapid sou plas. Yo tout te vrèman kontan nan fason tout bagay yo te dewoule, nan fason tout moun te patisipe nan atelye a, sou kalite entèkansyon yo. Se te yon okazyon tou pou yo dekouvri lòt reyalyite kiltirèl nan yon bèl anbyans. Patisipan Repiblik dominikèn yo raple relasyon ki pa fasil ak relasyon youn paka viv san lòt ki mare de (2) peyi yo. Dayè gen gwo jefò ki ap fèt pou fasilite 2 pèp sa yo rankontre, yo pou kreye yon espas refleksyon ak yon espas pou 2 peyi sa yo.

Jorge Balbis, visprezidan pou Lamerik Latin ak Karayib la pou DCLI, te patisipe nan yon pataj eksperyans ak refleksyon ki rich anpil ; li wè gen yon sosyete sivil ki aktif anpil ak posiblite pou gen yon espas ki gen kèk domèn ki menm pou Ayiti ak Lamerik latin nan. Domèn sa yo bay posiblite pou Lamerik latin nan devlope yon bon patenarya ak Ayiti

Kèk regrè

Patisipan repwoche:

- fèb patisipasyon medam yo: malgre fanm yo jwe yon wòl poto mitan nan ekonomi peyi a, sitou nan sektè enfòmèl la, nan estrateji yo fè pou yo ka viv ak nan edikasyon timoun yo, jiska prezan yo pa reprezante nan reyinyon yo. Obsèvasyon sa a te deja fèt nan patisipasyon yo nan ankèt la ki pat anpil, epi nan atelye a tou pa te gen anpil (swa manke atansyon metodolojik pou sa, yo pat fè atansyon egalite gason-fanm oubyen nan òganizasyon an gen pwoblèm sa a menm?),

- Òganizasyon, ki poutan te patisipe nan ankèt la, men ki pa vini,
- Gen kèk patisipan ki pa byen enfòmèl sou ankèt la
- Mank enfòmasyon kèk patisipan konsènan ankèt la: malgre òganizasyon an te patisipe nan ankèt la, se pat menm moun yo ki te prezan nan ankèt la ki nan atelye a, sa fè yo pat byen prepare. Yon ti preparasyon pou chak gwoup avan atelye a te ka rezoud pwoblèm sa a.

E kounye a?

Moun ki patisipe nan atelye a ensiste pou di rezilta ki sòti nan atelye a pa dwe al depoze nan kwen. Fòk gen bon swit epi idantifye tout aksyon ki ka rann tout pwopozisyon ki sòti nan rankont sa a tounen yon reyalyite.

Amelyore relasyon ant tout pèp ki nan rejyon an, lite kont analfabèt, fòmèl yon konsyans sitwayèn, pa chita ap tann tout bagay nan men pouwa piblik yo pou kòmanse konstwi patisipasyon demokratik la apati baz la. Se kèk nan gwo rekòmandasyon patisipan yo fè.

Yon rekòmandasyon

Pami rekòmandasyon yo, genyen youn nan yo konsidere kòm yon priyorite. Se pou nou idantifye, akonpaye epi fè konnen nan mitan mouvman popilè a, yon seri egzant relasyon kap ede konstrikatif nan nivo lokal, ant sosyete sivil la ak pouwa piblik yo.

Mo pou fini an se te pou Necker Dessables: « Se kòm si Karl LEVEQUE te nan mitan nou ».

ANÈKS 1 LIS PATISIPAN YO

Siyati	Non	Òganizasyon	Sigl	Peyi	sit entènèt
ALONSO	Aurelio	Casa de las Américas		Kiba	www.casa.cult.cu
ARISTIL	Jean Claudy	Vwa Klodi Mizo	VKM	Ayiti	
BALBIS	Jorge	Asociacion Latinoamericana de Organizaciones de Promocion Popular	ALOP	Kostarika	www.alop.or.cr
CHALMERS	Camille	Platfòm Aysyen kap Plede pou yon Devlopman Altènatif	PAPDA	Ayiti	www.papda.org
COLAS	Jocelyne	Jistis ak Lapè		Ayiti	
DANIER	Dieuno	Federasyon Gwoupman Peyizan Bèl-Fontèn	FGPB	Ayiti	
DESSABLES	Necker	Biwo Pwotektè Sitwayen	OPC	Ayiti	
DIOP	Vincent	Devlopman ak Sivilizasyon - Lebret-Irfed	DCLI	Lafrans	www.lebret-irfed.org
DUPUCH	Frantz	(tradiktè)			
DUQUESNE	Isabelle	Devlopman ak Sivilizasyon – Lebret-Irfed	DCLI	Lafrans	www.lebret-irfed.org
ELIE	Jean RénoI			Ayiti	
ESTEUS	Sony	Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal	SAKS	Ayiti	www.saks-haiti.org
FILS-AIME	Marc-Arthur	Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque	ICKL	Ayiti	www.ickl-haiti.org
FRANCOIS	Pierre Enocque	Devlopman ak Sivilizasyon - Lebret-Irfed	DCLI	Lafrans	www.lebret-irfed.org
FRANCOIS	Grégoire	Jistis ak Lapè		Ayiti	
GELIN	Marie Anne	Fon Entènasyonal pou Dévelopman Ekonomik ak Sosyal	FIDES	Ayiti	
GIL	Manuel	Ayuntamiento municipal de Ayaguate		Repiblik Dominikèn	
HURBON	Laënnec	Inivèsite Kiskeya, Pòtoprens, CNRS, Pari	UNIQ	Ayiti	
JEAN BAPTISTE	Rosnel	Tèt Kole	TK	Ayiti	
JEAN BAPTISTE	Yves	Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal	SAKS	Ayiti	www.saks-haiti.org
JEAN-FRANCOIS	Lenz	Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque	ICKL	Ayiti	www.ickl-haiti.org

JEROME	Lina	Fon Entènasyon pou Devlopman Ekonomik ak Sosyal	FIDES	Ayiti	
JOSEPH	André Lafontant	Gwoup Rechèch ak Entèvasyon pou Devlopman ak Edikasyon	GRIDE	Ayiti	
JOSEPH BIENNEUS	Monique	Federasyon Gwoupman Peyizan Bèl-Fontèn	FGPB	Ayiti	
LADOUCEUR	Anice	Pwogram pou Apiye Ensèsyon Sosyal	PAIS	Ayiti	
LOUBERT	Charles	Tèt Kole	TK	Ayiti	
MARCELIN	Jackson	Lakonbit		Ayiti	
MATHIEU	Edmond	Mouvman Peyizan Papay	MPP	Ayiti	
MOLEON	Albert	Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal	SAKS	Ayiti	www.saks-haiti.org
MORENCY	Mercidieu	Tèt Kole	TK	Ayiti	
MORTIME	Antonal	Gwoup pou Apiye Rapatriye ak Refijye	GARR	Ayiti	www.garr-haiti.org
NUNEZ PEGUERO	Marcos	Centro Dominicano de Estudio de la Educacion	CEDEE	Repiblik Dominikèn	
PARES CANELA	Rosa	Aksyon Karèm Laswis – Fastenopfer		Ayiti	
PIERRE LOUIS	Muller	Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque	ICKL	Ayiti	www.ickl-haiti.org
SAINT PIERRE	Marius	Federasyon Gwoupman Peyizan Bèl-Fontèn	FGPB	Ayiti	
SAINTVIL	Luc		OXFAM	Ayiti	
SAINVIL	Julien	Etidyan nan Fakilte Syans Imèn / Etidyan ki ap fè Staj nan ICKL	FASCH	Ayiti	
THOMAS	Pierre Richard	Kolektif Edikasyon pou yon Devlopman Altènatif	CEDAL	Ayiti	
THOMAS	Jean Wilner	Konbit Peyizan Nip	KPN	Ayiti	
THOMMEN	Marlyse	Devlopman ak Sivilizasyon – Lebret-Irfed	DCLI	Lafrans	www.lebret-irfed.org
VITAL	Raoul	Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque	ICKL	Ayiti	www.ickl-haiti.org
VIXAMAR	André	Tèt Kole Nodwès	TKN	Ayiti	
WILLARD	Vancol	Enstiti Teknoloji ak Animasyon	ITECA	Ayiti	

ANÈKS 2

ANALIZE REZILTA ANKÈT LA AK PATISIPAN YO

Ann retounen sou ankèt yo ak sou fason yo te rive reyalize

Malgre difikilte ki genyen nan relasyon ant sosyete sivil la ak pouvwa piblik yo yon fason jeneral, manm rezo ki patisipe nan premye etap yo te asire nou gen kèk eksperyans lokal entèresan ki te fèt sou demokrasi patisipativ la. Yo te pwopoze nou pou nou te chèche jwenn yon echantiyon epi pou nou ta gen yon antretyen ak yo epi pou nou ta ekri yo sou fòm yon resi. Sa te ka pèmèt nou konprann fason yo te fè nan eksperyans sa yo, konsa nou te ka jwenn kèk egzanp ki te ka sèvi nan yon pi gran dimansyon.

Kondisyon ankèt yo te reyalize a (sityasyon politik nan peyi a pat bon, te gen anpil moun yo te asasine, anpil lòt yo te kidnape, sitou nan kapital peyi a) te oblije moun ki tap fè ankèt yo ale sitou kote ki te posib pou yo san kè sote san twòp risk pou kò yo¹², menm si kote yo te ale yo, yo pa ta jwenn eksperyans ki pa twò pre ak sijè yo tap chèche yo. Malgre tout pwoblèm sa yo, moun ki tap fè ankèt yo, te rekeyi pandan 6 semèn, 13 eksperyans, nan domèn ki diferan youn ak lòt, epi tou ki chita nan diferan rejyon nan peyi a.

Rezilta ankèt la

Nan òganizasyon ki te ankete yo, nou ka jwenn plizyè kalite :

- 5 òganizasyon peyizàn ki anrasinen nan plizyè rejyon : **FGPB**, (Federasyon Gwoupman Bèl-Fontèn), **KPN** (Konbit Peyizan Nip), **TKN** (Tèt Kole Nòdwès), **MPP** (Mouvman Peyizan Papay),

- Yon òganizasyon nasyonal dwa moun, ki ap travay ni nan milye riral ni nan vil yo : Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè
- Yon asosyasyon nasyonal Fanm ki travay sitou nan vil yo : **SOFA** (Solidarite Fanm Ayisyen)
- Yon radyo kominotè ak yon òganizasyon ki apiye radyo sa yo : **VKM** (Radyo vwa Klodi Mizo) ak **SAKS** (Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal).
- 2 enstitisyon ki ap travay sou kesyon Ti moun nan lari a nan zòn lavil, se : **TIMKATEK** (Ti moun Kap Teke chans) ak **CEP** (Sant Edikasyon Popilè).
- Epi tou, kèk òganizasyon entèmedyè ki la pou apiye mouvman peyizan yo : **Lakonbit**, **OXFAM Ayiti** ak **ICKL**.

Rapò sa a montre yon fason ki fò anpil kòman moun ki pi pòv epi ki rete andeyò yo viktim kesyon yon pati nan sosyete a mete yo deyò nan sosyete a. Pou yo, nan anpil ka, Leta pa egziste. Yo pa jwenn nan men Leta sèvis ki pi enpòtan yo ta sipoze jwenn pou yo fonksyone tankou : wout, sante, edikasyon etc. Se sosyete sivil òganize a ki eseye ranplase Leta paske yo bay kèk sèvis nan plas Leta.

Pou sa ki gen pou wè ak rapò yo gen ak Leta oubyen otorite nan zòn nan, òganizasyon peyizan, òganizasyon popilè yo, ak lokal, nou distenge 3 kategori :

- sa yo ki pa an rapò ditou ak otorite piblik yo epi ki pa cheche gen okenn kontak ak yo.
- Gen kèk ki konnen Leta egziste men rapò yo devlope ak li se yon rapò vyolans ak pouvwa an plas yo oubyen ak otorite lokal yo.
- Gen nan yo ki fè jefò eseye pran kontak ak yo, men pa janm gen bon rezilta.

Gen anpil moun ak asosyasyon ki montre yon tandans yo kont Leta paske yo wè l tankou yon Enstitisyon ki fè fenomèn mete moun akote a vin pi fò. Sa vin devlope

¹² Ak èd yo te jwenn nan ICKL, nan domèn lojistik ak metodolojik, mesye ki tap fè ankèt yo te idantifye 3 lis òganizasyon selon nivo risk yo, selon enterè ak si aksè a fasil avan pou yo pran desizyon si se pou yo ale oubyen si se pou yo rete.

vyolans lan pi plis ak pwòp popilasyon I :
Yon Leta kote pwòp popilasyon I se ènmi I.

Nou ka jwenn sèlman ONG ki ap apiye òganizasyon swa onivo nasyonal, swa onivo entènasyonjal gen yon ti rapò ak Leta. Nan ka sa a, se pa ak Otorite lokal yo, men se sitou ak Leta Santral la onivo Ministè yo. Nan rezilta ankèt yo, youn nou jwenn ki pi frapan se ka OXFAM-Ayiti ki mete sou pye yon rezo Koperativ sou zafè kafe nan rejyon Nò peyi a. Rezo sa ap travay nan objektif devlope kilti kafe a, ede yo nan kalite kafe yo ap pwodwi epi ede yo vann kafe a nan peyi etranje. Se OXFAM-Ayiti ki te pran inisyativ pou mete sou pye Enstiti Nasyonal Kafe, kote li asosye tout abitan kap pwodwi kafe nan rejyon an la dan I. Li fè rantre nan demach sa a tou, Ministè Agrikilti, Ministè Anviwonman, Inivèsite Leta an Ayiti, Bank Nasyonal Kredi, ak anpil lòt ONG ki ka bay sèvis yo sitou nan domèn medyasyon ak fòmasyon.

Modèl sa entèrese patisipan yo anpil, men li kite anpil lòt kesyon anba-anba. Gen patisipan ki ap mande si modèl sa ap rive kontinye pou li toujou konsidere tout moun ki nan pwogram nan egal-ego. Ekske pita, li pap vin yon mouvman ki ap devlope inegalite nan mitan peyizan yo ? Eske tout moun ap rive jwenn menm tretman ?

Rezilta ankèt la bay domèn sa a anpil valè : yo tèlman mete yo apa nan sosyete a, peyizan yo sitou vin konsidere tèt yo kòm viktim, yo tèlman chita dèyè baryè eskizyon sa a, yo pa vle soti ladan I.

Nou jwenn tou, kote tout moun yo ak òganizasyon nou kesyone yo ap mande jistis. Yo mande yon Leta demokratik ak edikasyon popilè pou ka gen yon chanjman. Tout òganizasyon nou rankontre yo mande yon bagay ki enpòtan anpil : « *Nou mande edikasyon popilè pou popilasyon an. Se sa ki ka fè nou avanse nan sans devlopman an, edikasyon pou nou ka konprann sosyete a, pou nou ka rive fè tout moun jwenn jistis, pou dwa moun ka respekte, pou nou ka rive reyalize devlopman lokal la* ».

Nan anpil nan aspè sa yo, patisipan ki soti nan Repiblik Dominikèn yo eseye fas pou fas fason sitiyasyon sosyete sivil la ye nan peyi pa yo.

Pou patisipan yo, rezilta ankèt yo bay anpil enfòmasyon ki sifi pou demare atelye a, malgre sitiyasyon difisil ankèt la te fèt la. Kote yo pat gen chans kontakte anpil òganizasyon epi tou kote konstriksyon metodolojik la pa te bay anpil posibilite pou yon analiz global.

ANÈKS 3

FASON ENTÈVENAN YO WÈ SITIYASYON SOSYAL, POLITIK AK EKONOMIK PEYI DAYITI

Entèvansyon Laennec Hurbon¹³, Camille Chalmers¹⁴, Marc-Athur Fils-Aimé¹⁵, Necker Dessables¹⁶

ENTÈVANSYON LAENNEC HURBON

Kalite Leta a.

An Ayiti, nou ka di yon fason klè Leta ap travay pou pwòp tèt li. Se yon Leta ki pa menm ak tout lòt Leta. Pou nou konprann sa pi byen, fòk nou retounen nan listwa peyi a, sitou nan 19^{yèm} syèk la, kote Leta pral devlope tèt li sou fòm yon kolonizasyon. Se tankou li kolonize pwòp sitwayen l anndan peyi a. Konsa, li devlope yon imaj ki separe l avèk popilasyon an. Moun ki an fas li yo vin etranje pou li olye pou yo *moun ki abite nan peyi a*. Tout gouvènman ki pase yo pa te gen yon pwojè politik ki chita sou konstriksyon ak devlopman peyi a. Tout sa yo fè, se pou yo te ka jistifye aksyon yo ap fè pou etranje. Nou toujou nan sitiyaasyon sa a jodi a : pwojè politik peyi pa fèt selon bezwen popilasyon an, men nan vizyon entitisyon entènasyonal yo.

Leta fas a peyizan yo.

Pandan tout istwa peyi a, Leta montre yon vizaj kote li se yon enstitisyon ki ap travay pou pwòp tèt li, sitou nan rapò li devlope ak peyizan yo. Pou sa ka fèt, Leta mete an plas yon seri sistèm ak estrateji pou flanke moun deyò, mete nan men yon ti gwoup

moun tout enstitisyon ki ta dwe ede popilasyon an. Sa fè popilasyon an wè Leta tankou yon Leta ki la pou twonpe moun, yon Leta ki pran tout pou li.

Pratik sa a devlope yon seri abitud nan popilasyon an. Moun ki rete an deyò yo vin rantr nan fonksyonman sa a, yo tonbe nan yon toubiyon, yo pa wè ki sa pou yo fè pou yo ka soti ladan l epi pou yo vin rantr tout bon vre nan popilasyon an. Dènye chans yo santi ki rete pou yo, se kite andeyò pou yo tout vin gonfle lavil, swa yo vin Pòtoprens, swa yo kite peyi a nèt. Malgre sa, peyizan yo toujou rete nan yon sitiyaasyon pwovizwa. Yo toujou gen espwa yo gen pou yo chanje fason yap viv, sa ki mete yo nan yon sitiyaasyon moun kap pase, yon sitiyaasyon pwovizwa.

Kòm se yo ki pi viktim kesyon mete akote a, peyizan yo fèmen tèt yo nan menm atitud sa a kote yo bloke ou byen yo rejte tout posibilite pou ta gen yon rapò avèk Leta. Yo gen konsyans yo mete tèt yo tankou yon gwoup moun apa. Konsa, peyizan bay etranje plis valè pase sa l genyen. Kalite Leta sa a tou fè peyizan pa sèlman fèmen tèt li sou li menm nan atitud viktim nan ak nan lide pou yo kouri pati a letranje. Kalite Leta sa a fè peyizan an devlope yon estrateji ki montre li pa mele ak Leta a, peyizan an nan sans sa a, kòm anpeche tout posibilite entèvansyon Leta te ka fè nan espas sosyal pa l la. Kòm yo pa anndan, Leta pa pran ka yo, konsa tou, yo rejte Leta, yo pa anvizaje okenn lòt posibilite pou yo soti. Gen moun ki prefere rete endiferan, men tou gen lòt gwoup moun kap batay pou sa chanje.

Relijyon yo ak ONG yo.

Nan kontèks sa a, relijyon yo ak ONG yo te ka jwe yon wòl enpòtan. Yo kòm ranplase Leta ki pa ranpli misyon l kòm sa

¹³ Laennec Hurbon se Pwofesè nan Inivèsite Kiskeya nan Pòtoprens. Li se direktè rechèch nan CNRS (Sant Nasyonal Rechèch Syantifik) Pari. Li se doktè an tewoloji (nan Enstiti Katolik Pari), li se doktè tou an Sosyoloji (Sòbòn, Pari). Li se espesyalis nan Kesyon rapò ant relijyon, kilti ak politik nan Karayib la. Li ekri anpil liv.

¹⁴ Camille Chalmers se direktè Platfòm Ayisyèn Pledwaye pou yon Devlopman Altènatif.

¹⁵ Marc-Athur Fils-Aimé se direktè Enstiti Kiltirèl Kal Levèk

¹⁶ Necker Dessables se Pwotektè Sitwayen. Li se direktè Ofis pou Pwoteksyon Sitwayen.

dwa. Relijyon yo ak ONG yo vin ranje yo kòm yon otorite pou popilasyon an. Yo kòm ba yo yon posibilite pou yo pa bònè lespri yo sou sèlman sa kap pase nan peyi a. Konsa, popilasyon an pare pou resevwa kèlkeswa relijyon an paske li ba l yon istwa, yon istwa ki pa chita sou sityasyon peyi a men ki mete l nan yon sityasyon pou l soti... Gras ak relijyon an, peyizan ka viv a letranje pandan li rete nan peyi l.

ONG yo, yo konsidere kòm yon entitasyon ki ranplase Leta ka ranfòse sityasyon mete moun akote a pa rapò ak Leta. Fason yo aji gen yon gwo pwa sou fason moun yo ap viv, sou inisyativ yo, sou pozisyon yo pa rapò ak Leta ak sou pozisyon yo pa rapò ak rès mond lan. Relijyon yo ka mete sou plas kèk posibilite pou aji sou moun. Yo ka mete sou plas posibilite ki ka fè gwoup yo eklate tou. ONG yo ka kreye nan domèn yo ak nan zòn yon lòt ti Leta kote yo egzèse pouvwa yo. Sa ki ka diminye konsyans nasyonal kolektiv popilasyon an.

Prezans ak aksyon ONG ak relijyon yo ka ogmante konsyans viktim yo olye pou mouvman peyizan yo ta pèmèt yo konprann dwa yo ak devwa yo. Peyizan yo ki konsyan yo viktim pa toujou konsyan sou dwa yo ak devwa yo, yo pa toujou konsyan sou sa nou ta rele yon bon sitwayen, se sa menm ki mennen nan mete anpil moun akote a!

Plas edikasyon nan kesyon sitwayènte a

Yon sitwayen, se yon moun ki konsyan sou dwa l ak devwa l. Si pa gen bon konsyans sou dwa ak sou devwa, pa gen sitwayen. Se sa ki fè edikasyon an enpotan anpil pou yo ka fè peyizan an pran yon konsyans nasyonal, pou yo ka gen konsyans yo tout ap viv nan yon menm peyi. Nan yon peyi kote anpil moun se analfabèt, nou pa ka pretann tout moun ap konprann sans sitwayènte a san difikilte.

Pou nou ka konstwi rapò ant sitwayen yo, rapò ant sosyete sivil ak Pouvwa piblik yo, li enpòtan pou nou travay sou kesyon

memwa. Yon rapèl sou istwa peyi a ap fè nou sonje nou se sitwayen menm peyi. Nou dwe pran konsyans nou se sytwayen menm peyi, nou dwe gen konsyans tout sitwayen egal-ego.

Nan sans sa a, gen sa nou konn di ki gen anpil enpòtan, yo gen lide pou retire yon pati nan yon ansanm ki fè yon sèl. Egzanp, yo konn pale de « devlopman mond riral la » se kòm si monn riral la pa ta gen relasyon ak rès peyi a. Pa gen peyizan yo yon bò, epi Leta lòt bò, ou byen lavil la yon bò epi etranje a lòt bò. Pwoblèm ayisyen an global, pou yo trete l, se pou yo konsidere tout pratik pozitif nan peyi a.

Espas lokal la, pi bon kote nou ka konstwi demokrasi a.

Se otorite lokal yo ki mèt kesyon an nan rapò ak Leta. Nivo lokal la se yon kote Leta ka rekonstwi l. Batay òganizasyon nan baz yo ap mennen an dwe pran direksyon kote lokal la vin yon espas kote tout moun ka patisipe, kote moun ka rankontre pou diskite, kote tout eksperyans ka valorize. Fòk nou kreye kondisyon pou tout moun ka patisipe nan kesyon demokrasi lokal la, anpil moun kwè pa gen okenn posibilite pou gen chanjman, yo kwè atitud viktim nan ap difisil pou derasinen. Tandiske anpil moun deja fè demand : nou konn anpil egzanp kote se popilasyon lokal la ki mande lekòl, ki mande lopital, ki menm mande lapolis.

Pou rezime

Yon espas pou rekonstwi demokrasi a posib. Pou sa fèt, fòk :

- Tout moun pran konsyans sou kesyon sitwayènte a kote kesyon dwa ak devwa a rantrè ladan l
- Leta vin gen valè l nan lokalite yo.
- Gen yon gwo travay ki pou fèt sou kesyon edikasyon an.

ENTÈVANSYON CAMILLE CHALMERS

Yon kout je sou sa ki te pase

Soti nan lane 1986 pou rive nan lane 1991, te gen yon gwo mouvman ki te gen anpil fòs, mouvman popilè a te nan wout pou li te tounen yon fòs enpotan nan peyi a.

Aprè sa vin gen koudeta ki te vin kraze tout bagay nan lane 1991. Soti 1991 pou rive 1994 : se epok koudeta a. Mouvman popilè a vin sibi anpil represyon. Se te anpil sabotaj, anpil pèsikasyon, majorite moun nan popilasyon an te oblije kite kote yo te rete a pou te al rete yon lòt kote. Se te yon gwo destriksyon pou tout peyi a.

Depi 1995, pa janm genyen yon mobilizasyon kote tout moun bay dizon yo avèk yon seri objektif klè. Peryòd sa a, se te yon peryòd kote tout bagay te mache sou ralanti, pat gen aksyon klè ki te fèt. Pat gen yon desizyon nasyonal, chak moun, chak enstitisyon tap aji pou kont yo. Estrateji Leta te mete an plas la te bloke tout bagay, li te rive bloke tout bon aksyon mouvman popilè a tap fè.

Oganizasyon popilè yo vin depann de ONG entènasyonal yo.

Revandikasyon ak lide òganizasyon sosyete sivil yo

Peyi a vin konnen yon sityasyon kote sosyete sivil la di li pa bezwen Leta. Sosyete sivil la pa ka konprann si Leta se patnè l. Nou gen kèk egzanp kote nou jwenn òganizasyon nan baz yo ki refize soumèt pwojè yo bay manm KASEK¹⁷ nan lokalite yo. Leta mete sou pye yon sistèm ki mete akote majorite popilasyon an. Sosyete a menm eseye bò kote pa l òganize l pou li ka konfime tèt li kòm aktè nan devlopman peyi a. Men tou, nou dwe poze tèt nou kesyon sou kalite òganizasyon yo, lè nou konsidere chanjman nap tann yo. Anpil òganizasyon, (plis pase 100 mil) ap travay nan peyi a ak yon lide ki pa bay kesyon devlopman an tout valè l.

Nou gen yon leson pou nou pran sou eleksyon prezidansyèl ki sot pase 7 fevriye 2006 la. Jan eleksyon sa a te pase a, jan popilasyon an te vote jou sa a, montre aklè sosyete a revandike souverènte nasyonal la, lè nou konsidere jan kominote entènasyonal la te akapare eleksyon sa a. N ap mande ki jan sosyete a ka kontinye revandikasyon sa a pou li ka mete akote tout mouvman ki soti pou bafwe batay pèp la ap mennen an.

Yon Leta an fayit.

Ann pran yon ti tan pou nou reflechi sou mo sa yo « Leta an fayit », yon espresyon gouvènman Bush la renmen itilize. Li mete sou pye nan lane 1995, yon biwo k ap reflechi sou Leta li di ki an fayit yo. Nan lis la te gen enwiwon 25 peyi konsa. Sa vle di ki sa ? Se Wachinton ki ap panse kesyon rekonstriksyon nasyonal la. Bagay sa a tounen yon biznis epi se yon fason tou pou Gouvènman Etazini yo ka gen kontwol tout peyi sa yo.

Gen yon seri aksyon ki montre aklè sa ki pwodui dezòd yo epi kòman yo pwodui. Ann gade kantite misyon OEA¹⁸ deja fè an Ayiti ki echwe! Plis pase yon ventèn! OEA te gen lòt mwayen li te ka itilize epi ki tap pote bon rezilta. Se yon estrateji pou montre Leta sa a an fayit epi pou klase l nan kategori sa a. Konsa nou menm tou nan peyi a, yo rive fè nou kwè l konsa, nou vin tonbe dakò ak sa yo di yo jiskaske nou vin tande pawòl tankou « sityasyon Ayiti a pi rèd pase sityasyon Dafou a ». !

Kounye a gen yon pwopagann kap sikile nan kominote entènasyonal ki soti pou kraze eskanp peyi a. Nou dwe mennen yon batay pou nou ka netralize epi kraze tout vye diskou ki gen vizyon sa a. Vizyon sa yo chita sou istwa peyi a. Paske peyi ki

¹⁸ OEA: Oganizasyon Eta Ameriken yo se yon òganizasyon ki regwoupe tout gouvènman peyi nan Amerik la. Peyi manm yo fikse politik jeneral yo ak gran objektif yo nan yon asanble jeneral ki reyini tout minis zafè etranjè yo nan kontinan yon fwa chak ane. OEA gen syèj li nan peyi Etazini.

¹⁷ KASEK se Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal la.

te kolonize nou yo te deklare pitit esklav pa ka kreye yon vrè peyi. Lè esklav yo te revolte, yo te genyen batay endepandans lan, bagay sa a pat yon bon egzanp pou yo.

Prezans MINUSTAH

Nan kontèks sa a, nou dwe poze tèt nou kesyon sa a : ki sans prezans MINUSTAH¹⁹ a genyen nan peyi a ? Gen yon deba enpòtan kounye a ki gen pou wè ak desizyon Konsèy Sekirite Nasyonzi prann pou renouvle manda MINUSTAH nan peyi a. Desizyon sa yo gen pou wè tou ak prezans yo pa rapò a sa Konstitisyon enstitisyon entènasyonal la di sou kesyon sa a kote chapit VII la pale nan ki sikonstans Oganizasyon Nasyonzi kapab entèveni. Konprann prezans MINUSTAH nan peyi a, se konprann travay peyi enperyalis yo ap mennen : nou ka entèprete prezans yo kòm yon mwayen pou akselere demach pou mete an aplikasyon modèl newoliberal la an Ayiti.

520 milyon dola ameriken yo investi nan MINUSTAH chak ane, sa ki pa bay yon bon rezilta, (pou rive nan moman sa a, MINUSTAH sezi sèlman 250 zam, tandiske gen plis pase 160 mil zam ilegal kap sikile anndan peyi a) ta ka sifi pou bay lapolis nan peyi a fòmasyon.

Detoutfason, eleksyon prezidansyèl 7 fevriye yo te reyisi. Se pat rezilta travay MINUSTAH, se te rezilta mobilizasyon popilasyon an.

Kad Koperasyon Enterimè a

Kad koperasyon enterimè a li menm tou, la pou akselere plan newoliberal la. Nou ka pran kòm egzanp, ka 7 500 ekta tè (prèske 5820 kawo) nan zòn fèt ki rete pou zòn franch. Apre 10 zan, zòn sa a pap janm ka bay danre jan li te konn bay avan. Ayiti vin premye peyi kap achte diri soti Etazini tandiske plèn Latibonit ta sifi pou kouvri bezwen peyi nan domèn diri. Konsa tou, nou wè Leta ayisyen ap siyen yon seri akò kote se nan avantaj sèlman peyi Nò Ameriken. Se menm bagay pou plan politik nouvo gouvènman ayisyen an, malgre gouvènman sa a fòm ak 6 pati politik diferan, li chita li menm tou sou plan newoliberal la.

Kesyon desantralizasyon an gen yon pakèt enpòtans. Yo pale de 200 zan depi Ayiti ap fè desantralisasyon ki pa ko janm abouti jiskaprezan, men yo bliye si desantralizasyon an te bloke avèk okipasyon ameriken nan, kote yo te oblije rekòmanse demach sa a aprè. Desantralizasyon pa pre ditou ak sa sosyete a ap tann nan. Tout gwo depans yo se Pòtoprens yo fèt. Nan bidjè nasyonal la, gen sèlman 1% ki pase pou kolektivite tèritoryal yo. Yon majistra nan yon komin pa ka fè anyen si li pa gen yon montan nan bidjè nasyonal la ki disponib pou komin nan. Batay pou desantralizasyon enpotan anpil si nou vle chanje Ayiti.

¹⁹ MINUSTAH se Misyon Nasyonzi pou Estabilize Ayiti

ENTÈVANSYON MARC-ARTHUR FILS-AIME

Yon kout pye nan orijin nou.

Te gen anpil doulè lè Leta ak Nasyon Aisyen nan tap pran nesans. Peyi Lafrans pèdi Sen Domeng²⁰, koloni pi rich li te genyen, aprè 13 lane yo te fin pase ap batay kote anpil moun te disparèt pou nou te ka genyen yon peyi. Batay ki te kòmanse 14 dawou nan lane 1791 pou rive 1^{ye} janvyè 1804. Ni Napoléon Bonaparte, ni klas dominant fransè yo, ni grann pwisans nan epòk la pat byen akeyi endepandans peyi a ki te kont enterè yo paske yo te gen anpil volonte pou kenbe sistèm esklavajis la.

Kijan peyi sa a ki fenk pran nesans lan te konpoze sosyalman

Depi avan endepandans lan, nan mitan moun nwa yo ak moun po klè yo, te genyen esklav, te genyen afranchi. Afranchi sa yo ki te gen chans gen libète te okipe pozisyon esklav yo ta swete okipe. Konsa te gen yon gwo separasyon ant esklav yo ak afranchi yo. Ak mwayen ekonomik yo te genyen epi byen yo te posede, sa te fè yo te vin prèske nan menm ran sosyal ak kolon yo. Te gen nan yo ki te menm gen esklav tou. Yo tap chèche genyen tout dwa sivil ak politik klas sa a te ka ofri yo. Men richès yo pat pèmèt yo rive monte nan menm ran sosyal ak kolon blan an.

Tantativ yo te fè pou retabli esklavaj nan vrè fòm ni te oblije nouvo rich yo fè alyans ak esklav yo. Sa a pa te fè divizyon ki te chita sou baz enterè je yo te wè imedyatman sou zafè klas nan ansyen afriken yo ak desandan yo fini nèt ak kesyon esklizyon mas esklav alyans ak ansyen konbatan ki te kont sistèm esklavajis la. Paske nouvo rich yo te bezwen soti anba mepri yo te konn jwenn nan men ansyen kolon ki te konn fè yo pase mizè. Tandiske nouvo rich yo te

konn trete vakabon, ansyen konbatan ki kont sistèm esklavaj la. Moun sa yo te vle kase tout chèn ki mare yo ak sistèm kolonyal la. Malerezman, eksperyans afranchi yo te fè nan lame ki soti lòt bò dlo a te vin fè yo pran tèt batay la pi fasil nan lagè pou endepandans total la.

Menm si Alyans sa te montre imedyatman li se yon sovè, li te gen posibilite tou pou pi lwen, pou li te kreye sityasyon mete anpil moun akote a pi rèd. Sityasyon sa a te rete sèlman pandan moman fò ki vini avan endepandans yo. Depi gwo elit ki tap dirije yo fin pwoklame ofisyèlman viktwa sou lame Napoléon an, moun ki nan klas ki tap domine yo fè tout sa yo konnen pou yo pran pou kont yo sèlman tout tè yo ak tout gran plantasyon yo. Yo fòse tout klas pòv yo ak tout peyizan yo pran tè mòn ak tè ki pa te fètil yo. Yo devlope menm administrasyon ki te la lè te gen esklavaj la. Leta tout nèt sa a kòmanse administrasyon ak yon politik ki mete akote tout ansyen esklav yo, yo retire premye dwa yo ta sipoze genyen an ki se posede tè ak byen ki pou pèmèt yo layite yo, ki pou pèmèt yo devlope, yo menm ak tout fanmi yo.

Sa ki te fè sosyete a fòmè konsa a toujou la.

Fason sosyete a te fòmè depi lontan an rete prèske menm jan. Menm mak fabrik sa yo toujou la, pa gen gwo chanjman ki fèt. Tout gouvènman ki pase sou pouvwa yo pa janm rive pote yon chanjman tout bon vre nan fason sosyete a fòmè depi nan tan lakoloni a. Tout moun ki rete andeyò yo toujou jwenn menm kalite sò, menm kalite tretman. Yo toujou mete yo apa nan sa kap fèt nan peyi a, se yo menm yo esplwate pi plis, menm si esplwatasyon an pa toujou pran menm fòm nan selon gouvènman ki sou pouvwa a.

Baz ekonomik Leta a

Lontan, baz ekonomik Leta Ayisyen te chita sitou sou esplwatasyon danre yo tankou sik ak kafe. Pati espekilatè nan boujwa yo ki domine sosyete a poukont yo

²⁰ Nan epòk sa a, Ayiti ak Sen Domeng te fè yon sèl, zile pa te ko divize. Konsa lè yo pale de koloni Sen Domeng, Ayiti te ladan l.

separe ak Leta tout benefis yo tire nan travay kiltivatè yo.

Kounye a Leta tounen yon Leta kap tann èd entènasyonal, depans li yo depann an majorite de kominote entènasyonal la. Taks ak enpo yo kolekte nan sosyete a sèvi garanti pou yo peye dèt yo dwe a letranje, dèt yo te fè nan non pèp la, menm si se pa pèp la ki benefisye dèt sa yo. Nou pa janm genyen an Ayiti yon Leta gran moun ki vize byennèt sosyete a. Gouvènman ki dirije Leta sa yo depann de mas popilè a, kote yo mete sou pye nenpòt kalite enpo ak tout kalite manèv ki pa chita sou okenn baz reyèl pase pou yo ta kreye kondisyon pou ede yo soti nan move eta delabreman mas popilè a ap viv la.

Espresyon sosyete sivil la

Espresyon sosyete sivil la pa fin twò klè. Ni onivo nasyonal, ni onivo entènasyonal la espresyon sa a plis sanble yon gwo mo ki la pou fè lang lan bèl san li pa chanje anyen nan sityasyon moun yo ap viv la. Diferans ki genyen nan sosyete a toujou la, espresyon sa a pa chanje anyen men li fè kòm si tout moun egal-ego.

Espresyon sa a rantre nan lojik kapitalis la ki mete nan menm sak ti gwoup moun ki rich yo epi kap vin pi rich chak jou anpil yo epi ki mete yon lòt bò pakèt moun ki pòv yo epi ki ap vin pi pòv chak jou. Espresyon sa a plis sèvi kòm aparans yon fason pou fè konprann pa gen diferans nan sosyete a, yon fason pou fè tout moun konprann yo egal-ego.

Genyen kounye a an Ayiti yon tandans kote yo abize espresyon « sosyete sivil » la. Lide ki dèyè espresyon “ sivil la” cache reyalyte sosyal reyèl peyi a. Lide kap sikile a bay kesyon jewografik pèp la plis enpòtans pase sityasyon sosyal, ekonomik ak politik sosyete a ap viv la. Nan yo, nou jwenn sa yo ki ankouraje plan newoliberal la avèk sa ajisteman estriktirèl la mande a, gen sa yo ki pa egzije anpil bagay nan men Leta a, sitou nan yon peyi tankou Ayiti kote Leta toujou refize konsidere majorite popilasyon an kòm sa dwa. Leta, gran moun tèt li ki vize byennèt sosyete a pa janm egziste an Ayiti. Sa yo ki egzije mwens sosyalman nan men Leta a kite yon espas vid ki pa nan avantaj popilasyon an. Konsa pou evite tout konfizyon ki ka genyen, nou pito itilize « sosyete sivil ki soti nan baz òganizasyon popilè yo ».

ENTÈVANSYON NECKER DESSABLES LA

Necker Dessables ak DCLI an kontak youn ak lòt depi lontan. Necker Dessables te etidyan nan IRFED²¹ nan lane 60 yo, li toujou rete an kontak ak rezo a jiskounye a.

Pandan li pat sispann al tout kote nan monn lan, li te pwofite pandan jenès li, pou li aprann konnen Lafrik, Lazi, Lamerik Latin ak Lewòp lagè fwad te divize a. Nou ka di li se yon aktè an menm tan temwen tout evènman kap pase nan peyi Tyè Mond yo, sou sèn entènasyonal la, nan lide konferans ki te fèt nan Bandung nan lane 1955. Lè li te fin benefisye rezo entènasyonal solidarite yo, li vin yon manm aktiv nan rezo yo, ni onivo lokal, ni onivo entènasyonal.

Après yon bon tan li te fè nan peyi Senegal, kote li tap dirije yon pwojè devlopman, li retounen an Ayiti, kote li te kontribye pou bay Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè sans yon mouvman, kounye mouvman sa a enplante nan tout rejyon nan peyi a. Necker ki te gen chans konnen ni pè Louis Joseph Lebret, ni Karl Levêque te byen plase nan atelye Gresye a kòm yon moun ki pi gran pase tout moun ki te la nan atelye sa a.

Analiz ak refleksyon li te pote sou konviksyon li yo, nan aksyon li te reyisi yo ak nan aksyon li te echwe yo te bay atelye a yon fòs espesyal. Entèkansyon li te fè pandan plizyè fwa nan deba yo te pote anpil limyè pou nou sitou nan 2 tèm sa yo :

- sitistasyon mete akote peyizan yo kòm viktim. Lè li fè yon kout pye sou sa ki te pase yon dizèn lane avan, li montre kòman administrasyon yo te meprize peyizan yo. Lè yo vin lavil pou yo regle yon zafè administratif nan biwo yo, yo fè yo retounen san pwoblèm nan pa rezoud paske yo pa konn pale fransè, se sèlman kreyòl yo konn pale. Menm si Necker konstate gen kèk ti chanjman ki fèt nan domèn sa a, li vle toujou rete vijilan sou enjistis yo konn fè sou peyizan an.

- Nesesite pou gen yon efò ki fèt nan zafè fòmasyon ak edikasyon popilè pou sosyete a. Fòmasyon sa yo ak edikasyon popilè sa yo dwe repete souvan yon fason regilye. Sa ka pote yon gwo chanjman nan fason moun yo ap viv ak pwòp tèt yo, ak nan fason yo ap viv youn ak lòt. Sa ka bay tout moun chans pou patisipe nan konstriksyon peyi a, yon peyi ki bay jistis priyorite.

²¹ IRFED se Enstiti Rechèch ak Fòmasyon pou yon Devlopman ekilibre. Necker te resevwa yon fòmasyon nan IRFED. Fòmasyon sa a se Pè Lebret ki te mete l sou pye nan lane 1958 ki te la pou fòme yon seri kad kap travay sou kesyon devlopman, sitou nan peyi ki fenk endepanan yo.

ANÈKS 4

REZIME DISKISYON REPREZANTAN ÒGANIZASYON YO AK ENTÈVANSYON LÒT KONFERANSYE YO

Men kèk pwoblèm ki te parèt pandan diskisyon yo :

1. se nan lekòl ak nan edikasyon popilè nou ka fè tout popilasyon an konnen dwa yo ak devwa pou yo patisipe nan konstriksyon peyi a.

2. Nou dwe rete vijilan ak mouvman ONG yo : ONG ki la pou bay èd yo gen tandans bwè mouvman popilè yo, sa ki fè dinamik tèt ansanm nan kase. Lè yo finanse pwojè òganizasyon popilè yo, anpil fwa ONG yo konn oblije òganizasyon yo ap finanse yo fè sa ki nan lojik ONG yo ki pa toujou nan filozofi òganizasyon popilè yo.

3. Nesesite pou nou bay mouvman popilè yo jarèt yon fason pou yo ka vin pi fò, pou yo ka vin otonòm kote yo ka konstwi pwòp zouti politik yo, epi kote pati politik tradisyonèl yo pap rive genyen okenn pouvwa sou yo.

4. Avèk pakèt ONG, pakèt legliz ak pakèt èd ki soti lòt bò dlo san yo pa genyen okenn kowòdinasyon nan aksyon yo, li nesèsè pou nou mete tout fòs nou ansanm, pou nou chèche genyen menm objektif pou nou chèche reyalize ansanm tout aksyon ki gen sans yon pwojè nasyonal pou tout peyi a.

5. Nou dwe sispann travay nan yon ti kwen apa. Òganizasyon yo dwe konekte ansanm pou aksyon nou yo ka gen dimansyon nasyonal, li ka menm genyen yon dimansyon entènasyonal.

6. Nou dwe batay pou desantralizasyon an, pou nou ka gen nan lokalite nou yo yon seri administrasyon ki reponn ak bezwen nou yo, pou nou ka gen moun ki gen konpetans nan administrasyon sa yo epi tou, pou nou ka gen mwayen ekonomik pou sa.

Patisipan yo kritike prezans MINUSTAH nan peyi a. Kantite a ap ogmante chak jou pi plis, epi malgre sa yo pa efikas, yo pa bay bon rezilta. Lè fòs etranje pran peyi a konsa, nou pèdi fyète nou nan kesyon

endepandans ak souverènte peyi a. Yon fason jeneral, patisipan yo te fè yon refleksyon kritik sou fason etranje yo entèvni nan peyi a, ak sou fason yo jwe sou ekonomi peyi a tou.

Yon lòt kote, Aurelio Alonso²², yon envite ki soti Kiba te atire atansyon patisipan yo sou pwèn sa yo :

1. Nesesite pou nou fè diferans ant sa ki gen rapò ak tout peyi a ak sa ki gen rapò dirèk ak moun nan lokalite kote nap viv la nan nivo lokal. Leta dwe atantif nan tou de (2) nivo sa yo. Wòl ak enpotans òganizasyon ki prezan kounye a nan diskisyon sa yo se fè yon fason pou kreye yon rapò ak 2 nivo sa yo. Yo dwe fè atansyon pou yo pa pèdi nan ti pwojè ki ka fè yo bliye dinamik nasyonal la. Ti pwojè sa yo dwe ale nan sans yon pwojè nasyonal kote yo rive mete ansanm pwojè lokal yo ak pwojè nasyonal yo, kote tou nou ka rive mete pwojè ki pa la pou lontan yo nan yon pwojè global ki dirab.

2. Depi nou di « povrete » nou wè pa gen pwoteksyon. Sa pa vle di menm bagay. Nou pale kesyon povrete a lè nou ap pale fason yon seri moun ki pa jwenn sa yo bezwen ap viv sa ki fè nou santi nap viv nan yon peyi kote pi gwo ap vale pi piti. Tandiske nou di pa gen pwoteksyon lè Leta pa pran responsabite l, lè sa a, nou wè fason Leta a devlope rapò l ak sosyete sivil la, fason Leta devlope rapò l ak sosyete a, ak fanmi yo, ak moun yo.

Li pa posib pou nou fini ak angrenaj povrete a pandan Leta pa bay popilasyon pwoteksyon ki nesèsè. Lè nou ap pale sou kesyon jistis sosyal, nou vle di bay tout moun menm posibilite pou yo viv, nou vle di tou pa abandone yon pòsyon moun nan sosyete a. Se fason tou nou ka fè presyon sou Leta pou li mete sou pye zouti ki ka rive atake tout pwoblèm povrete nan peyi a olye pou li bay kèk ti èd ak asistans ki pap rezoud pwoblèm nan, men ki ap sèlman fè yon ti diminye l.

²² Aurelio Alonso se direktè adjwen revni Casa de las Americas.

ANÈKS 5

RELASYON ANT SOSYETE CIVIL AK POUVWA PIBLIK YO NAN REPIBLIK DOMINIKÈN

Kèk aspè alapapòt kesyon an.

Avan Manuel Gil pale sou eksperyans li te fè nan zafè eli lokal la, Marcos Nunez²³ ap prezante sosyete sivil nan Repiblik Dominikèn sou 5 aspè sa yo :

- Gouvènans anndan peyi a :

Peyi ap viv yon sityasyon vyolans ak delenkans tèt chaje. Sityasyon sa a komanse ak sityasyon nivo miba ak move repatisyon byen yo nan peyi a. Koripsyon ki genyen nan Leta ak nan sektè prive a ogmante povrete a. Gen yon deba kounye a sou kesyon feblès Leta nan zafè jistis.

- Refòm nan Konstitisyon an :

Gouvènman an gen yon volonte pou li rann Egzekitif la vin pi modèn. Modènite sa a se yon fason pou yo reponn a egzijans mache a. Se yon egzijans kesyon globalizasyon an ak plan newoliberal la. Modènite sa a tou mete fas a fas lwa peyi a ak TLC a (Trete Lib Komès ak Etazini, ak Lamerik santral ak Peyi Karayib yo). Se Fon Monetè Entènasyonal, Bank Mondyal ak Klib Pari ki favorize chanjman sa yo.

- Kominikasyon :

Lide pou moun byen an disparèt. Yo vann li pou yo kreye yon opinyon piblik ki pare pou rantre nan lojik mache entènasyonal la, konsa, se sa ki vin okipe lespri moun yo. Yo retire tout posibilite pou yon moun vin gen richès nesèsè pou kesyon konsomasyon an, yon egzanp se kesyon bòlet la ki montre moun sanble ka fè lajan fasil : nou menm ki pòv, nou ka vin rich fasil, san redi. Poutan bagay sa a vin gen yon pwa sou anpil jèn nou yo. Gen anpil nan yo, nan bat pou fè lajan san yo pa

redi, rantre nan rezo gang, gen lòt ki vin rantre nan rezo delenkans.

- Posibilite pou moun patisipe :

Depi nan lane 1994, li posib nan peyi Dominikani pou kandida endepandan yo al nan eleksyon lokal. Kounye a, peyi a ap viv yon desantralizasyon ki mache ak kesyon bidjè a : 8% bidjè nasyonal la al nan mèri yo. Pousantaj la gen tandans ogmante toujou kounye a. Gen yon gwo tandans nan peyi Sen Domeng kounye a pou yo fè respekte kesyon desantralizasyon an.

- Politik sou moun ki ap rantre soti nan peyi a :

Prezans mas Ayisyen yo kote anpil nan yo ilegal fè peyi a divize an 2 gwoup : yon gwoup kont fason Ayisyen yo ye nan peyi a, yon lòt gwoup kwè nan inyon ki ka genyen nan mitan 2 peyi sa yo. CEDEE reyalize yon atelye chak mwa avèk 10 lòt ONG nan Repiblik Dominikèn. Yon atelye ki ap reflechi sou konjonkti sityasyon an Ayiti ak etid sou relasyon ki egziste ant 2 peyi sa yo.

²³ Marcos Nunez se Direktè Sant Dominiken kap fè Etid sou Edikasyon (CEDEE).

PREZANTASYON MANUEL GIL, YON ELI LOKAL KI SOTI NAN EKSPERYANS PATISIPASYON SOSYETE SIVIL LA.

Eksperyans yon eli ki soti nan mouvman popilè a

Si se pat kesyon edikasyon popilè a, mwen pa tap ka prezan isit la jodi a. Mwen se yon rezilta edikasyon popilè nan peyi Sen Domeng. Map pale sou eksperyans mwen ki se rezilta edikasyon popilè nan yon kontèks lokal.

Se gras ak yon travay enpòtan òganizasyon sa yo te devlope :

- Sant Dominiken pou fè Etid sou Edikasyon (CEDEE)
- Linyon Jenès Ekimenik Sen Domeng (UJEDO)
- Se gras tou ak patisipasyon Legliz katolik ak asosyasyon peyizan yo, asosyasyon fanm yo, asosyasyon gason yo ak asosyasyon jèn, mwen te angaje m epi mwen te rive dirije lit revandikasyon yo nan sans pou mwen chèche yon meyè kondisyon pou popilasyon yo ak moun nan kominote yo viv.

Soti nan finisman lane 70 yo pou rive nan komansman lane 90 yo, mwen te mete m bò kote pèp la pou nou te mande Leta pou pran responsabite l pa rapò a sa sosyete a vle, pa rapò a sa sosyete ap tann. Nan finisman epòk sa ki te enpotan anpil pou mwen, travay ki te fèt pandan epòk sa a te fè popilasyon an ajite anpil. Mwen te resevwa kòm rezilta ajitasyon sa a anpil kritik ki soti bò kote menm moun sa yo mwen te mobilize pandan peryòd sa a. Yo tap di « li fasil pou fè egzijans, men pouki sa ou pa chèche nan pozisyon pou ou vin otorite piblik ».

Lide sa a te mennen m :

- nan yon refleksyon
- pou m pran yon desizyon kote nou vin mete sou pye yon mouvman politik endepandan ki te gen objektif pou dirije pouvwa lokal la.
- nan patisipasyon : ak ti tan ki te rete pou regle demach administrativ yo selon sa lwa elektoral yo mande a, nou te rive

patisipe nan eleksyon 1994 yo nan pati politik ki rele Mouvmman Endepandan Yagwate (MIYA).

Yon premye eksperyans (peryòd 1994-1998) : echèk

Menm si nou pat genyen eleksyon an, nou te fè yon eksperyans ki te rich anpil. Richès eksperyans sa a te pouse nou avanse pou pi devan. Nan eleksyon sa a, nou te nan twazyèm pozisyon kòm mouvman politik. Lè sa a, nou kite dèyè nou youn nan mouvman politik tradisyonèl Sen Domeng lan : Pati pou Liberasyon Sen Domeng (PLD).

4 tran aprè, aprè nou fin reflechi anpil, nou te deside patisipe nan yon alyans estratejik avèk youn nan pati politik tradisyonèl ki te reprezante youn nan fòs politik epòk la. Se pati Revolisyonè Repiblik Dominikèn (PRD).

Dezyèm eksperyans (peryòd 1998-2002) : reyisit ak pwogram

Ak alyans nou te fè a, nou te rive genyen eleksyon an, nou te pran pouvwa lokal la.

Devlopman ak gesyon ki anbake tout moun

- Pou kòmanse, nou ouvri kad òganizasyon popilè yo, epi nou fasilite patisipasyon tout moun.
- Se òganizasyon popilè yo, nan fason yo òganize yo ki pran desizyon yo epi ki monte yo bay Konsèy Kominal la.
- Nou travay sou yon seri pwoblèm, sou yon seri demand sosyete fè epi tou sou yon seri nesosite. Lè nou fin idantifye priyorite yo, nou chèche solisyon pou yo.
- Ak sektè òganize a, nou mete sou pye yon bidjè patisipatif.

Pandan nou tap devlope yon jesyon ak pridans, nou te rive gen kontak ak yon òganis Leta ki travay sou kesyon « Desantralizasyon ak Modènizasyon Leta ».

Separasyon nou te genyen ak alyans estratejik la nan mwatye peryòd la vin fè

nou akselere nan jesyon yo. Sa vin fè nou patisipe pou kont nou an alyans lan nan kanpay elektoral ki vin aprè a ki koresponn ak peryòd 2002-2006.

Bilan

Modèl politik ki te domine nan epòk la te frape nou, sa ki te fè nou te tonbe nan pwosesis patisipasyon an.

Se sèlman kounye a nou kòmanse rekolte fwi travay nou fè pou kominote a : yon eli ki reprezante yo nan Konsèy la ak gwo travay kap fèt pou chèche korije tout erè ki te fèt avan yo.

Pou m fini map site 2 paragaf nan fowòm piblik sou « Edikasyon popilè jodi a : sa ki deja fèt ak gwo defi nou gen pou leve yo » nan Konsèy Edikasyon pou gran moun yo nan Lamerik Latin (CEAAL) :

« Refleksyon sou edikasyon popilè a, se yon zouti ki mare ak pespektiv ki vize blayi demokrasi a bay tout moun. Pou sa fèt, fòk gen yon lòt fòm patisipasyon ki pral pèmèt nou konstwi yon lòt kontra sosyal ant Leta ak sosyete sivil la. Pou li posib, fòk nou kite dèyè tout lide ki te deja la sou rapò ant Leta ak popilasyon an. Lide sa yo te chita sou moun pa, sou fanatik, sou soumisyon, sou diferans ki genyen nan kouch sosyal yo ak sou tout lòt move efè eritaj kiltirèl sa a kite pou nou.

Se pou sa, fòm ak mwayen tou fre nou vin genyen sou kesyon patisipasyon yo, mande pou nou gen yon lòt pratik, pou nou planifye yon lòt fason pou nou ka rive oryante pwosesis chanjman atitid nou yo, chanjman valè nou yo, chanjman mantalite nou yo, chanjman konpòtman nou yo, chanjman nan demach nou yo soti nan popilasyon nou yo pou rive nan moun ki nan aparèy Leta a. »

ANÈKS 6 DESANTRALIZASYON AN AYITI

ENTÈVANSYON JEAN RENOL ELIE²⁴

Kèk nan zouti desantralizasyon an

Nou dwe byen fè diferans ant yon seri tèm ki nan Konstitisyon peyi d Ayiti a tankou « Delokalisasyon²⁵ », « Deklwazonman endistriyèl²⁶ », « Dekonsantrasyon²⁷ » ak « desantralizasyon²⁸ » Atik 87.4 nan konstitisyon an di nou tou desantralizasyon an mache ak dekonsantrasyon sèvis Leta yo, li mache tou ak deklwazonman endistriyèl yon fason pou tout depatman peyi a ka benefisye.

Desantralizasyon ak diferan nivo yo ka pran desizyon yo

Desantralizasyon an fè konprann gen posibilite pou desizyon yo soti nan nivo lokal. Desizyon yo ka soti nan seksyon kominal la, li ka soti nan komin nan, li ka soti nan depatman an yon fason pou sitwayen ki nan lokalite a ka benefisye. Desantralizasyon an ki pral pèmèt moun nan lokalite yo patisipe nan desizyon yo, pa ni retire, ni diminye egzistans pouvwa santral la. Ni tou, li pa anpeche yon seri desizyon pran sèlman onivo santral. Se konsa, li enpòtan pou nou konnen ki desizyon ki ka pran nan chak nivo kolektivite yo. Li enpòtan tou pou chache konnen ki kantite moun ki patisipe nan pran desizyon yo. Eske se yon grenn moun, yon ti gwoup moun nan lokalite a, oubyen tout sitwayen nan lokalite a. Nou pap ka avanse si se yon ti gwoup moun ki pran desizyon yo. Men, si se tout sitwayen nan lokalite a ki patisipe nan pran

desizyon yo, patisipasyon an vin yon mouvman ki fè demokrasi a vanse, yon mouvman ki fè sitwayen kominote a patisipe nan zafè Leta onivo lokal. Lè sa a, li se yon espas kote nou ka konstwi yon vrè demokrasi.

Desizyon sitwayen yo ak kesyon demokrasi lokal la

Nan kesyon demokrasi reprezantatif la, sa yo pwopoze nou pi souvan an, moun nan sitwayen sèlman jou eleksyon an. Kou sitwayen an fin eli reprezantan l lan, li sispann ranpli wòl sitwayen l. Konsa demokrasi reprezantatif la, selon jan li mache a pa ka devlope yon demokrasi reyèl. Nan yon vrè demokrasi, yon moun pa ka sitwayen sèlman jou eleksyon an. Demokrasi a egzije yon seri mwayen kote sitwayen an ka toujou bay opinyon l, li ka menm pran desizyon nan tout sa ki konsène byennèt lokalite kote li ap viv la.

Espas patisipasyon sa yo ekri nan Konstitisyon an.

Dènye paragaf nan premye koze nan Konstitisyon 1987 la esplike tout popilasyon an dwe patisipe nan tout desizyon ki konsène avni peyi a, pou desantralizasyon an ka rive fèt nan enterè tout moun. Konsa, Konstitisyon Ayisyèn nan pwopoze yon demokrasi patisipatif. Demokrasi patisipatif la pa anpeche pou gen reprezantan, men reprezantasyon an pa sifi. Li enpòtan pou nou reflechi sou kesyon demokrasi patisipatif la. Nou ka menm ensiste sou sa yon fason pou nou ka rete sitwayen ni pandan ni apre peryòd elektoral la. Lè sa a, chak moun pral gen chans bay dizon yo epi patisipe san pwoblèm nan zafè politik kominote kote yo ap viv a... Nou ka di Konstitisyon 1987 la bay tout gran liy demokrasi patisipatif la ki se yon kad kote tout moun gen chans pou tout moun patisipe.

²⁴ Jean Renol Elie se espesyalis nan zafè desantralizasyon an.

²⁵ Delokalisasyon an se lè yo retire yon antrepriz nan yon lokalite pou yo mete l nan yon lòt lokalite.

²⁶ Deklwazonman endistriyèl, se lè yo kreye posibilite pou aktivite endistriyèl yo repati nan diferan depatman gewografik peyi a.

²⁷ Dekonsantrasyon se lè sèvis Leta yo disponib nan lokalite yo.

²⁸ Desantralizasyon an se lè yo transfere nan lokalite yo yon seri pouvwa ki pral fasilite gouvènman lokal la pran pye.

Kolektivite tèritoryal an Ayiti.

Atik 61 rive nan atik 87 trete tout sa ki gen pou wè ak kesyon kolektivite tèritoryal. Lè nou di « Kolektivite tèritoryal » nou wè yon espas kote se sitwayen ki nan lokalite a ki jere l. Sa vle di yon espas kote sitwayen yo patisipe nan zafè lokalite yo, bay dizon yo sou tout sa ki konsène avni lokalite sa a. Pou yo dirije espas sa a, yo chwazi yo menm konsèy ki pou asire administrasyon lokalite a epi ki responsab tou pou rankontre regilyèman sitwayen nan lokalite sa a. Espas sa a dwe gen tout endepandans pou li ka trete san pwoblèm tout sa ki konsène l. Ta dwe genyen selon Konstitisyon an, yon enstans ki la pou kanalize patisipasyon sitwayen yo ak desizyon yo pran yo nan chak nivo Kolektivite yo : se sa nou rele Asanble yo. Asanble yo sipoze egziste pou 3 nivo kolektivite yo : asanble seksyon kominal yo, asanble kominal yo ak asanble depatmantal yo. Chak nivo asanble yo gen responsablite pa l ak limit pa l. Rapò yo pa fin senp nèt, paske seksyon kominal la anndan Komin nan epi Komin nan anndan depatman an. Li enpòtan pou byen distenge premyeman rapò ki egziste nan mitan yo epi dezyèmman rapò ki egziste ant chak nivo kolektivite yo ak nivo santral.

Nou dwe konnen sa lalwa di sou desantralizasyon an.

Tout dekrè ak lwa kap fèt sou kesyon desantralizasyon an dwe baze sou Konstitisyon 1987 la. Li nesèsè pou sosyete sivil la, sa ki òganize yo, sitou òganizasyon popilè yo ak asosyasyon yo reflechi ak moun ki nan kominote a, pou yo ka konprann pi byen wòl chak nivo kolektivite yo, pou yo ka konprann rapò ki egziste nan mitan yo, pou ka konprann pi byen fason pou pouvwa lokal la pran jarèt. Nou pa dwe bliye tou se sosyete sivil la an premye kap plis benefisye rezilta desantralizasyon an. Konsa, sosyete sivil ki nan òganizasyon yo, ki nan sant fòmasyon inivèsité yo dwe mobilize tout sitwayen ki nan lokalite yo sou enpòtans desantralizasyon an.

Rezistans pouvwa santral la.

Malgre desantralizasyon an se yon mwayen ki pèmèt tout sitwayen patisipe epi tou ki pèmèt yo devlope yon vrè demokrasi, responsab yo onivo santral pa janm vrèman entèrese nan kesyon desantralizasyon an. Yo pa entèrese paske yo pè pou yo pa pèdi pouvwa yo sitou lè nou konsidere fason yo wè pouvwa a an Ayiti. Epoutan, yo ta dwe konprann kesyon desantralizasyon an yon lòt fason. Sa tap pèmèt yo konsantre travay yo plis sou vrè responsablite yo olye pou yo ta chita ap reflechi sou pwoblèm ki nan lokalite yo, pwoblèm lokal yo moun nan nivo kolektivite yo sifi pou rezoud.

Revandikasyon sitwayen yo, lwa ak pwojè nasyonal.

Lè nou konsidere tout revandikasyon popilasyon an te konn fè depi avan lane 1986, nou wè popilasyon an te toujou manifeste yon volonte pou yo patisipe nan tout desizyon ki gen pou wè ak avni peyi a. Demand sa yo lè yo vin transfòme an lwa pa toujou reflekte dirèkteman sa sosyete a te vle. Nan sans sa a, responsab òganizasyon yo gen pou devwa pou verifye ak popilasyon an, si yo ba yo vrèman sa yo te mande yo, yon fason pou verifye si yo ba yo sa yo te mande yo jan yo te mande l la. Men tou, lè nou ap pran desizyon onivo lokal, nou dwe fè atansyon pou nou pa tonbe nan yon sityasyon kap retire nou nan dinamik nasyonal la. Nap pran yon egzanzp, si chak seksyon kominal devlope yon patenarya ak yon enstitisyon etranje diferan epi yo chak ap fonksyone apa nan ti kwen pa yo, nou gen chans pou nou genyen yon pakèt ti pwojè ki pa gen okenn rapò youn ak lòt nan seksyon kominal yo, sa ki kapab pa ranmase dinamik nasyonal la. Desizyon yo pran nan chak nivo kolektivite tèritoryal yo dwe baze sou yon pwogram devlopman nasyonal. Sa fè yon ti bout tan depi yo ap pale sou yon lòt kontra sosyal. Pi bon kontra sosyal nou se Konstitisyon 1987 la. Konstitisyon 1987 la, se youn nan pi gwo zouti nou te ka genyen. Tout lòt kontra sosyal dwe soti nan Konstitisyon sa a. Si se pa sa, nou riske pèdi tout avantaj li deja ban nou.

ENTÈVANSYON ANDRE LAFONTANT JOSEPH²⁹

Yon nouvo kad legal ki chita sou lalwa.

Andre Lafontant Joseph te travay nan Ministè Enteryè ak Kolektivite Tèritoryal pandan Gouvènman Enterimè a. Li te sitou nan Inite pou Desantralize Pòtoprens. Kòm li te responsab depatman « Ranfòsman Enstitisyonel ak Desantralizasyon » li te remake rapidman li pa posib pou Desantralizasyon an pran pye si pa gen yon kad legal pou sa, sa vle di ki chita sou lalwa. Yon kad legal ki la pou bay chak nivo kolektivite yo limit yo. Konsa, li bay tèt li responsab pou li te reflechi epi ekri yon bouyon dekrè kad sou kesyon desantralizasyon an. Kòm pa te gen Palman nan epòk tranzitwa³⁰ sa a, se te Konsèy Saj la ki te la pou bay dizon l sou sa Egzekitif la tap fè nan peryòd sa a.

Soti nan deba piblik pou rive kote yo te adopte dekrè kad la

Nou te soumèt dekrè kad sa a bay tout moun pou kapab genyen yon deba piblik sou li. Pou nou te ka fè tout moun nan peyi a reflechi epi bay dizon yo sou kesyon desantralizasyon an, epi sou dekrè kad sa a, nou sèvi ak plizyè mwayen. Nou te distribiye bouyon sa a bay plis enstitisyon posib, bay plis moun posib ak bay plis òganizasyon posib ki entèrese nan kesyon desantralizasyon an. Nou te voye l sou entènèt pou moun ki gen mwayen pou sa rive jwenn li. Konsa te gen yon deba ki te ouvè. Pou nou te ka fè tout moun ak tout òganizasyon yo patisipe nan deba a, nou te òganize 3 atelye nan yon lojik « jesyon pwoksimite » sou dekrè kad sa a. Yon premye atelye te fèt nan Nò peyi a kote tout òganizasyon yo te reyini, yon lòt te fèt nan Sid peyi a epi twazyèm nan te fèt nan Sant peyi a. Konsa, nou te ouvè yon gwo diskisyon sou kesyon dekrè kad sa a. Lè nou te fin soumèt dekrè kad sa a bay tout

moun pou bay dizon yo, bouyon an te vin gen anpil koreksyon apre sa.

Nou te soumèt twazyèm bouyon sa a ki te ramase refleksyon ki te soti nan 3 atelye yo bay tout Minis yo. Yo menm tou yo te fè reyaksyon pa yo. Lè nou te fin fè koreksyon Minis yo te mande a, Ministè Enteryè te remèt li bay Konsèy Minis yo pou apwouve. Se konsa Konsèy la te adopte dekrè kad sa a.

Men te gen yon ti blokaj onivo Gouvènman tranzisyon an ki fè dekrè kad sa yo pat gen tan pibliye nan Monitè, journal ofisyèl peyi a. Kounye a gen demach kap fèt pou nouvo Gouvènman ki la a ka pibliye li ofisyèlman.

Dekrè ak kesyon tèritwa a

Nou te ekri 4 lòt dekrè ki soti nan dekrè kad sa a. Dekrè sa yo se sou depatman, sou komin, sou seksyon kominal ak sou fonksyon piblik tèritoryal yo ye. Gwo lide ki te travèse dekrè sa yo montre anpil bagay tankou :

- Desantralizasyon an se yon fason Leta fonksyone pou asire efikasite tout sèvis popilasyon an gen bezwen nan yon lokalite. Gen yon pakèt bagay ki montre Leta santral mal plase pou li bay dirèkteman epi avèk efikasite tout sèvis toupatou nan peyi a.

- sitwayen ki rete nan kolektivite tèritoryal yo (lokalite yo, seksyon kominal yo ak komin yo) yo menm tou yo gen dwa pou yo tout benefisye sèvis Leta a san moun pa. Gen refleksyon ki te deja fèt pou nou wè kòman nou ka separe konpetans yo onivo kolektivite tèritoryal yo pou nou ka fè eli lokal yo pran responsab pou yo pa rapò ak moun ki abite nan diferan lokalite yo.

- Desantralizasyon an se pa sèlman yon egzès ki gen rapò ak politik ou byen ak administrasyon menm tou se yon egzès demokratik. Tout oryantasyon travay sa yo te fèt nan lespri demokrasi patisipativ la nan yon kontèks kote nou tap panse sou estrateji ak fason pou nou egzekite yon plan devlopman lokal. Tout ansyen

²⁹ Andre Lafontant Joseph se yon espesyalis nan zafè desantralizasyon an.

³⁰ Peryòd tranzitwa a Kòmanse nan mwa mas 2004 pou rive nan fevriye 2006.

eksperyans nan kesyon gouvenans lokal la montre li deja egziste yon kad kote eli yo konn chita ak moun nan kominote yo, sitou sosyete sivil òganize a, sa ki fè anpil pwojè konn reyalize ansanm. Menm lè sitiwayon politik la difisil anpil, desizyon moun yo pran ansanm yo pi bon, popilasyon an pi byen enfòmè sou sa kap fèt yo, konsa yo patisipe pi byen tou san pa gen konfli epi pwojè yo egzekite pi fasil. Lè sa a yo pap konsidere Leta a tankou yon bèf kap bay lèt, ou byen yon enstans kap pran tout desizyon pou kont li, tankou yo konsidere l kounye a. Sitwayen an pral gen yon lòt atitud nan kominote l la, se li kap panse pou devlopman zòn li, ni pou komin, ni pou seksyon kominal, ni pou departman an tou.

Pwoblèm nan kesyon separasyon kompetans yo.

Gen anpil refleksyon ki te deja fèt sou kesyon jan pou repatisyon an ant Leta santral ak kolektivite tèritoryal yo kompetans. Gen yon tandans ki ap devlope kounye a ki fè kwè nou pa ka transfere twòp responsablite nan lokalite yo bay moun nan Kolektivite yo paske yo pa gen anpil kapasite pou yo jere byen. Selon moun ki apiye tandans sa a, fòk nou asire ranfòsman enstitisyonèl avan yo fè transfè kompetans yo. Nou dwe sonje yon lwa ou byen yon dekrè kote nou jwenn yon kad legal epi gen règleman ladan l, pa ka aplike nèt yon sèlkou!

Dekrè sa yo nou ka konsidere kòm yon bagay nou deja posede, nou deja genyen yo. Sa kapab fè moun ki pòv yo vin gen yon seri dwa lè gen yon espas kote yo ka pratike demokrasi a tout bon vre, avèk demokrasi patisipatif la. Konsa yo ka defann dwa yo epi yo ka lite pou fè respekte lwa yo tou.

Desantralizasyon an se yon batay ant Leta santral ki vle konsève tout pouvwa l ak popilasyon an ki gen pou benefisye travay desantralizasyon an. Travay nou, se fè sa nou jwenn nan dekrè yo vin yon reyelite. Bagay sa a ap difisil anpil pou dekrè sa yo aplike si popilasyon an pa mete ansanm ak nou nan batay la. Kesyon polis administratif kominal la pran yon plas enpòtan nan dekrè sa yo. Polis administratif kominal la ap itil anpil nan seksyon kominal la lè nou konsidere se yo ki ap pi pre kominote a. Tout 5 dekrè sa yo bay oryantasyon jeneral sou kesyon desantralizasyon an ak sou kolektivite tèritoryal yo.

Sansibilizasyon eli lokal yo ak sosyete sivil la

Nan gwoup rechèch M. Lafontant an, li pwofite kad legal sa a pou li travay kounye a sou kèk pwojè pilòt tankou fòmasyon pou kandida nan eleksyon kolektivite tèritoryal yo ak yon pwogram fòmasyon ak akonpayman eli lokal yo pandan yo ap egzèse fonksyon yo. Kandida yo ak eli lokal yo dwe familiarize yo ak nouvo dekrè sa yo yon fason pou yo konn fonksyon yo pi byen. Pwojè pilòt sa a gen yon pati sou sansibilizasyon sosyete sivil la, sa ki òganize yon fason pou yo ka konprann enpòtans ak nesosite desantralizasyon an, pou yo ka konprann responsabilite yo nan bagay sa a. Konsa yo ap ka konnen ki rapò yo dwe devlope ak eli lokal yo ki nan lokalite yo. Lide ki kache dèyè tou sa, se devlope yon lòt dinamik ant sosyete sivil la ak kandida yo, ant sosyete sivil la ak nouvo eli lokal yo ki pi souvan pa konn responsabilite yo byen.

GWO MOMAM NAN DISKISYON SOU DESANTRALIZASYON AN

Gen yon espas ki deja egziste.

Entèkansyon 2 espesyalis yo sou kesyon desantralizasyon an montre, malgre yo mete apa majorite moun nan peyi a, gen yon dènye chans toujou, sitiyan an pa bloke nèt. Gen yon posibilite toujou pou demokrasi a pran jarèt, se nan baz la pou l soti. Konstitisyon 1987 la ak kèk dekrè deja pwopoze kèk mwayen ki chita sou yon baz lalwa pou devlope kesyon demokrasi patisipatif la. Malerezman, anpil moun pa konnen posibilite tèks sa yo ofri yo. Gen yon aprantisaj pou nou fè ni bò kote otorite Leta yo, ni bò kote sosyete sivil la ak òganizasyon yo. Epi tou, sosyete sivil la ak òganizasyon yo ka pran tout inisyativ bò kote pa yo pou pouse otorite lokal yo pou yo kòmmanse demach yo nan sans sa a.

Nou pa dwe konfonn desantralizasyon ak privatizasyon

Nou dwe fè anpil atansyon pou nou pa konfonn desantralizasyon ak privatizasyon : desantralizasyon se pa fè Leta a pèdi wòl li, men se fè Leta a egzèse wòl li yon lòt fason. Desantralizasyon an ka vin bay pouvwa kominotè yo fòs lè desizyon yo soti nan baz la. Se demokrasi lokal la ki pral fè demokrasi nasyonal la pran fòs.

Desantralizasyon an mande pou gen konpetans ak bidjè.

Nou pap ka gen desantralizasyon si pa gen yon vrè transfè konpetans ki fèt nan lokalite yo. Pap gen desantralizasyon tou si bidjè a pa desantralize. Pi souvan, tantativ yo fè sou kesyon desantralizasyon an echwe paske Leta remèt yon seri responsablite bay otorite lokal yo men an menm tan, yo pa transfere ni konpetans, ni bidjè ki nesèsè pou sa rive fèt tout bon vre.

Risk ki genyen nan ti aksyon devlopman ONG yo ap fè agoch adwat nan peyi a

Nou dwe gen anpil vijilans sou jan ti èd ki soti lòt bò dlo yo epapiye nan peyi a. Ed finansye lòt peyi yo bay yo konn gen kondisyon ki pa toujou mache nan lojik òganizasyon yo. Yo pa konn chita ansanm sou pwojè sa ki fè aksyon sa yo pa konn baze sou yon plan nasyonal devlopman ayisyen. Egzanp Lafrans montre anpil bagay : chak kolektivite teryoryal an Frans ka sipòte yon pwojè nan nenpòt rejyon nan peyi a. Si pa gen okenn tèt ansanm, si pa gen yon vizyon global, efò ki fèt agoch adwat ka pa pote bon rezilta yo ap tann nan. Sa tou ka devlope inegalite nan popilasyon ki nan diferan rejyon yo.

Aurelio Alonso³¹ prezante ankò lòt pwèn sa yo :

Demokrasi reprezantatif ak demokrasi patisipatif

Demokrasi reprezantatif la, jan nou wè yo pratike l la, pa yon vrè demokrasi. Demokrasi reprezantatif la reprezante yon sosyete ki chita sou esplwatasyon, inegalite ak sou youn domine lòt. Se demokrasi klas kap dirije a, se demokrasi klas kap domine a. Demokrasi patisipatif la vin parèt tankou pou konplete demokrasi reprezantatif la. Se li ki sipoze ranplase demokrasi reprezantatif la. Tandiske li pa ko janm egziste vrèman, li pa ko janm egziste nan tout sans li. Nou ka pale sou demokrasi patisipatif la kòm pwojè, kòm sa nou vle, men li pa ko gen yon istwa paske li pa ko enplante yon kote nèt tout bon. Gen sèlman kèk ti referans izole ki pa gen okenn rapò youn ak lòt. Lòt bagay ankò, nou pa dwe teworikman konsidere 2 modèl sa yo kòm tankou lèt ak sitwon, okontrè youn ka konplete lòt. Demokrasi patisipatif la pa mete akote nèt kesyon reprezantatif la. Youn vini apre lòt, youn ka sèvi ak lòt.

Nou rekonèt gen kèk egzanp ki fè prèv yo nan domèn patisipasyon demokratik, nou

³¹ Nou te deja pale de Aurelio, nou di kilès li ye nan paj avan yo.

ka batay pou yo vin adopte yo nan sistèm reprezantatif la. Gen kèk egzanp : priyorite yon gwoup moun genyen sou yon sèl moun, obligasyon eli a genyen pou li rann kont bay moun ki te eli l la, posibilite ki genyen pou ta revoke eli a si moun ki te mete l yo konsidere li pa ranpli fonksyon l kòm sa dwa, jan yo te mande l pou li fè a.

Mouvman popilè ak demokrasi reprezantatif

Gen kèk kote, sitou onivo lokal la, gen kèk mouvman popilè ki rive fè adopte kèk nan prensip yo. Men pi souvan, yo transfòme yo kòm dispozisyon yo dwe pran. Sa ki fè vrè mouvman pa gen efè yo te swete a. Konsa se pa sèlman siksè ki chita sou lalwa la ki limite men tou se popilasyon an ki manke devlope kilti politik sa a. Popilasyon an dwe aprann sèvi korèkteman ak mwayen politik li genyen pou fè demokrasi a pran jarèt.

Sa ka rive kote sistèm kapitalis la ka fonsyonnen san demokrasi. Nou ka menm di sistèm kapitalis la rive envante yon demokrasi san demokrasi. Ladan l, mache kapitalis la rive regle kesyon relasyon sosyal la. Yon lòt bò, eksperyans sosyalis la ki te efondre nan 20^{ème} syèk la montre tou sosyalis la pa ka mache san demokrasi.

Malgre tou, nou oblije sèvi ak zouti demokrasi boujwa epòk nou an nan mete an plas la. Nan Lamerik latin nan, nou wè nan dènye lane sa yo, kòman sistèm elektoral ki chita sou reprezantasyon liberal la sèvi pou mete Chavez sou pouvwa a epi pou li fè l rete sou pouvwa a. Se petèt li nan listwa ki te monte sou pouvwa ak yon kantite vòt estrawòdinè.

Paske pati boujwa ki nan opozisyon an te sèvi yon fason egzajere ak enstriman reprezantatif yo, men tou yo te echwe nan efò yo. Se menm sistèm elektoral la ki te pèmèt popilasyon an mete Evo Moralès sou pouvwa nan Bolivi. Sa yo se pi gwo ka gwo transfòmasyon ki gen nan sosyete a.

Nou te wè tou pi lwen kòman Lula te rive gen pouvwa a nan peyi Brezil, kòman Kirchner te pran pouvwa nan peyi Ajantin epi lòt ankò ki pat nan enterè boujwazi lokal la, ni tou ki pat nan enterè enperyalis yo.

Sistèm demokrasi ki egziste a, menm si li gen moun pa ak koripsyon, bay pèp la, mouvman sosyal yo ak sosyete sivil la zouti yo ka dekouvri epi yo ka sèvi avè l.

Nan wout pou bay demokrasi patisipatif la jarèt

Konsa, nan kesyon konstriksyon demokrasi patisipatif la, li pa ka kesyon pou nou monte yon chema epi pou nou mete l an aplikasyon yon sèl kou. Bagay sa a pa ka fèt konsa. Nou ka ouvri espas piti piti, pezape pou nou ka montre enterè popilasyon an olye pou nou travay pou deranje lojik kapitalis la, lojik povrete a ak lojik inegalite a. Fòk nou mete tout fòs nou nan konstriksyon demokrasi a nan baz la, pandan nap kreye mwayen pou nou solidè youn ak lòt pou nou ka pran desizyon yo ansanm onivo lokal. Se toujou yon demach ki difisil anpil ki dwe chita sou reyalite moun yo ap viv la, li dwe chita tou sou ijans ki genyen yo ak sou priyorite nou te defini yo. Sa pa ka fèt sou okenn modèl ki anlè-anlè yo ta eseye mete.

ANÈKS 7

FASON REJYON LATINO-AMERIKEN AN EVOLYE

Jan mak fabrik Ayiti a ye a pa pèmèt zòn Lamerik latin nan byen konprann sa kap pase ladan l. Se menm bagay la tou, moun an Ayiti pa konprann sa kap pase nan Lamerik latin. Lamerik latin ak Karayib la gen menm istwa, yo gen menm pwoblèm soudevlopman an.

Peryòd 10 zan ki soti nan lane 1960 pou rive nan lane 1970

Nap pran, pou kòmanse ak analiz la, kriz ak depafinisman Leta nasyonal popilè a. Nou jwenn modèl Leta sa a nan anpil sosyete Latino ameriken an pandan premye mwatye 20^{yèm} syèk la. Modèl ekonomik sa a te baze sou yon modèl ki ranplase enpòtasyon ki ansanm avèk yon pakèt lide politik, ansanm avèk lide pou demokratize sosyete a, ak lide pou rann sosyete a pi modèn.

Objektif modèl sa a, se te devlope mache anndan peyi a epi fè vin gen plis travay, sitou moun kap travay nan Leta ak moun kap travay nan izin. Malgre li pat sifi, li te pèmèt yo repati pi byen richès peyi a (edikasyon pou tout moun), klas mwayèn nan te vin pi devlope, anpil sendika te vin pran nesans, te vin gen lòt kontra sosyal tou. Men tou, yon lòt kote, li te vin devlope yon fenomèn kote vil yo vin pi gran nan yon ti bout tan, sa te vin fè genyen yon gwoup moun pòv ki vin abite toutalantou vil yo.

Kèk ti pwogrè ki te vin parèt sou kesyon demokrasi a, sou kesyon devlopman an ak posibilite pou tout moun jwenn chans pou travay pat sifi. Moun andeyò sitou pat rive benefisyè nan chanjman sa a.

Te toujou gen kontradiksyon ak opozisyon nan mòd politik sosyal sa a. Nan lane 1960 rive nan lane 1970 yo, opozisyon an te pi di pandan posibilite pou fè ekilib nan sosyete a te diminye ni andedan peyi a, ni a letranje, sa ki te rann egzistans li posib.

Konsa li te vin klè modèl sa a pat ka ale nan sans mouvman ki soti nan fason l tap fonksyone. Gen yon lè ki te rive, li pat ka satisfè revandikasyon sosyete a ki te vin pi fò, pi difisil pou satisfè kote lide yo te vin pi radikal epi tou pwoblèm ekonomik lan te vin pi rèd.

Devan modèl devlopman sa a ki te rive nan bout li, modèl li te apiye sou li a, ki te vin jwenn ak fòs sosyal ak fòs politik yo ki te vin eklate, se sa ki te fè demach modèl sa a posib. Chòk idewolojik yo te fè l echwe tou. Bagay sa yo te fè kontinan latino- ameriken vin pi radikal. Chema sosyal ak ekonomik klasik sa a pat pèmèt yo simonte kriz sosyal ane 70 yo, li pat pèmèt yo non plis, deplase dekonpozisyon rejim politik modèl ki te vin parèt yo, ki soti nan baz yo oubyen nan klas dirijan yo, ki tap dekonpoze.

Nan lane 1959, revolisyon ki te fèt nan peyi Kiba a te bay yon egzanp ki te fè modèl revolisyonè a te vin pran yon fòs an plis. Konsa, revandikasyon yo te vin ogmante, vyolans yo te vin eklate (nan peyi Bolivi, nan peyi Ajantin ak nan Irigwe, elatriye.) Ak tout chanjman sa yo, modèl Leta nasyonal Popilè a vin rive nan limit li, yo pa ka reponn nan yon demach kontradiktwa li te vin fè parèt la. Pati politik goch la ak pati politik dwat la vin nan yon gwo twoke kòt kote chak kan ap eseye elimine opozan ki an fas li a paske youn mete lòt reponsab kriz ki eklate nan sistèm politik ki genyen an.

Men tou, nan depafinisman Leta Latino-ameriken an rive nan moman lagè fwad kote Kiba vin reprezante yon menas nan kesyon kominis lan. Etazini, sou gouvènman Kennedy parèt ak Alyans pou pwogrè. Sa te pwopoze kèk chanjman ki ta dwe pèmèt yo evite modèl Leta popilè a eklate ak devlopman kominis lan tou. Men politik Kennedy a te echwe nan objektif li pran nan Amerik latin nan.

Peryòd 10 zan ki soti nan lane 1970 pou rive nan lane 1980

Kriz sa a te fè gen yon separasyon ki di anpil ak modèl demokratik la. Vin gen rejim militè yo parèt, menm lè ak diktati yo (an Ayiti diktati a te kòmanse nan lane 1957, nan peyi Brezil la te kòmanse nan 1964, Paragwe, Nikaragwa, Salvadò, Ondiras, Gwatemala). Sa te parèt tou sou yon lòt fòm otorite (Chili, Irigwe, Ajantin, Bolivi).

Apwi Etazini te bay diktati yo te pèmèt yo enstale yon doktrin pou asire sekirite nasyonal pou yo te ka pèmèt yo depase kriz Leta popilè nasyonal yo. Men tou pou yo te ka kraze nèt lide Leta ki estriktire avèk gouvènman, pati politik ak sosyete a. Modèl Leta diktatè a mete nan plas ekilib ki te genyen nan relasyon ant Leta, tout aksyon politik yo, ak aksyon sosyal yo, yon ekilib ki baze sou mache a, sou rezonman teknokratik yo, epi ajoute sou yo pi ta tout tranzaksyon ki vize enterè pwòp tèt pa yo.

15 zan vyolans pa rive rezoud pwoblèm ansyen modèl Leta te mete a. Kounye a nou kòmanse santi enfluyans newoliberalis ki soti nan peyi Etazini. Rejim diktati yo vin adopte modèl ekonomik newoliberal tankou privatizasyon, deregilasyon, ouvèti mache entènasyonal yo, bay investisman etranje yo plis valè, ajisteman estriktirèl makro-ekonomik yo epi redistribiye richès peyi a yon fason pou mas pèp la pa benefisye anyen.

Nouvo modèl sosyete sa a vle fè moun kwè se fason mache a fonksyone a ki dwe distribiye richès peyi a bay popilasyon an. Pou modèl sosyete sa a, Leta pa bezwen entèveni pou regle sityasyon an: lè richès yo al yon sèl kote a, moun ki gen richès yo ap ka fè investisman ki ta kapab kreye travay. Konsa, tap vin gen nouvo richès ki kreye konsa tou, tap vin gen richès ki redistribiye. Men si yo rive detwi kèk zouti nan fason Leta popilè a tap fonksyone, rejim otorite yo pa rive kreye kondisyon pou gen yon lavi miyò, pou yo ta rive mete yon amoni ant kondisyon sosyal, kondisyon ekonomik ak kondisyon politik.

Peryòd 10 zan ki soti nan lane 1980 pou rive nan lane 1990

Lè diktati yo fin tonbe, pwosesis demokratizasyon an kòmanse pran pye. 20 lane pita, tras rejim militè yo rete, ni sa nou ka jwenn nan kèk konstitisyon (nou ka gade lwa amnisti nan kèk peyi). Chemen pou nou rejwenn demokrasi sosyete sivil òganize a ak pati politik yo ap sipòte a long anpil epi li difisil tou (òganizasyon dwa moun kap batay pou kontoune lwa amnisti yo, sitou nan ka ti moun ki disparèt yo).

Nan ka sa yo, gen kèk peyi ki vle mete sou pye menm an pati, yon modèl Leta nasyonal popilè. Men tout tantativ sa yo pa janm gen bon rezilta, yo toujou echwe, sa ki montre nesosite pou yo restriktire modèl anvan an. Nesosite a parèt pi fò lè ekonomi te depafini nèt rive nan kriz finansyè 1982 a. Nan menm ane sa a, Meksik pa te peye dèt exteryè li ankò, pita se vin Ajantin epi Brezil.

Ekonomi peyi Lamerik latin yo ki fè bèk a tè akòz kriz dèt exteryè a. Sa retire nèt tout sa nou te ka jwenn nan yon modèl Leta nasyonal popilè ki te rive rete yo paske rejim militè yo pat siprime yo nèt ou byen paske peyi sa yo te rive gade yo, peyi kote sistèm otoritarism la pat rive domine.

Pwoblèm modèl devlopman sa a ki chita sou lide pran tout pou kò ou ak sou kesyon kwasans lan, poze okòmansman kriz la. Epi tou se sa ki montre nou kòmanse ak politik ajisteman estriktirèl newoliberal la. Konsa kontinan an, menm jan ak anpil lòt peyi nan mond lan, abandone politik global devlopman ki te genyen nan peryòd apre gè yo ki te gen pou objektif veye pou gen ekilib ant kesyon politik la, sosyal la ak ekonomik la. Kote mondyalizasyon an ap grandi pi plis chak jou, epi tou kote tout estrateji yo pi favorab pou kesyon mache a, tankou Bank Mondyal konn abitye di l, anpil nan peyi Lamerik Latin yo adopte tranzisyon liberal la, malgre gen anpil rezistans ki soti nan lavi chè kap vin pi plis chak jou.

Kesyon desantralizasyon an vin reparèt ankò

Konsa tou, konsansis Wachinton nan (pwopozisyon enstans kap jere kesyon lajan onivo entènasyonal yo fè a tankou FMI, Bank Mondyal ak gouvènman peyi Etazini an ak elit moun ki nan Lamerik Latin nan) siyen disparisyon modèl sosyete ane 60 yo, yo aplike l yon fason sistematik epi yo aplike modèl newoliberal la ki gen pwogram sa yo ladan l: refòm nan administrasyon piblik yo avèk lide pou Leta pa depanse anpil kòb, kite mache a domine jan l vle (deregilasyon, privatizasyon, envestisman prive ak lajan peyi letranje), travay pou sosyete sivil la patisipe nan jesyon zafè Leta, desantralize Leta ki te toujou konn kenbe tout bagay pou kont li.

Selon politik newoliberal la, desantralizasyon an pral diminye wòl Leta kote li pral mete sou do sektè prive a onivo lokal la responsab pou bay popilasyon an sèvis ki pi enpòtan yo.

Egzanp nou jwenn nan ansèyman piblik onivo primè ak sekondè nan peyi Chili fè nou wè aklè tout move kote kesyon transfere konpetans Leta bay popilasyon an onivo lokal si yo pa bay mwayen lajan pou fè travay sa yo, si pa gen yon pati nan bidjè nasyonal la ki al jwenn lokalite yo. Inegalite ki genyen nan resous yon komin pa rapò a yon lòt, peze sou kalite ansèyman an, konsa fanmi ki gen plis mwayen yo voye timoun yo nan lekòl prive. Tandiske pou rantrè nan inivèsite, fò ou pase yon egzamen, sof moun sa yo ki gen mwayen, ki ka peye prive rive rantrè timoun li nan inivèsite. Lojik mache a ki vin rantrè nan ansèyman piblik la kreye yon prensip kote edikasyon an repwodwi yon sosyete miwo-miba. Gen anpil òganizasyon kap travay pou chanje sistèm sa a.

Konsekans newoliberal la poze pwoblèm demokratizasyon

Nap fè ou sonje modèl Leta ki te gen nan lane 60 yo te mete an plas yon pakèt

posibilite tankou, sistèm sekirite sosyal, pwoteksyon pou timoun piti, asirans vyeyès, asirans chomaj kote ou te plizoumwèn santi richès nasyonal la ki te redistribye bay popilasyon an. Modèl Leta newoliberal la, limenm, vle yo privatize tout sèvis yo ta dwe bay popilasyon an. Chak moun responsab pwòp pwoteksyon vyeyès li nan ka modèl newoliberal la, se lè moun nan ka ranmase epi sere lajan epi enskri li nan yon fon pansyon prive. Tout òganism sa yo, yo menm tou, se lwa mache a kap regle yo ak fason lajan rantrè, konsa yo ka fè fayit sa ki ka fè tout moun ki te enskri ladan l yo pèdi lajan yo ak tout sa ki te ka ede yo pandan yo granmoun nan.

Nan modèl Leta popilè, se politik la ki regle kesyon sosyal yo ak kesyon mache a. Ak kesyon eleksyon an, politik la mete yon ekilib, li devlope yon dinamik ki ka oryante yon chanjman, ki ka pèmèt chwa sosyete a reyalize. Nan modèl newoliberal la, se mache a ki regle kesyon politik la ak sosyal la, sa ki fè vin gen yon gwo dezekilib. Leta pa garanti sekirite sitwayen yo ankò, paske kesyon sekirite a privatize. Nan peyi Kostarika, kote pa gen twòp pwoblèm ensekirite, kounye a tout moun gen yon santiman lapèrèz. Moun ki gen mwayen yo pè sa ki pa genyen yo, yo pè sa ki pi pòv yo, yo vin sèvi ak yon lòt seri moun pòv tou pou ba yo sekirite. Radyo ak televizyon sikile santiman lapèrèz sa a, li ba l fòs tou, sa ki koupe tout lyen yon moun te kapab genyen ak yon lòt nan sosyete a, vin gen yon destriksyon tisi sosyal la.

Peryòd 10 zan ki soti nan lane 1990 pou rive nan lane 2000

Pwosesis ekonomik ak sosyal ki chaje ak kontradiksyon sa yo fè gen yon konfizyon sou kesyon kwasans ekonomik (kontwòl tout efè kriz dèt lane 1982, fè PIB a ogmante anpil, fè anpil lajan soti a letranje antre nan rejyon an), ki nan yon ekonomi mondyal, sa ki ranfòse inegalite sosyal la.

Nou dwe ajoute nan tou sa, gen kèk peyi dèt eksteryè yo double. Sa fèt paske pa gen yon volonte pou tout moun jwenn, pa

gen yon volonte pou ranfòse kapasite pou gen yon pwodiksyon nasyonal dirab, konsa kwasans lan pa sèvi pou fè devlopman an avanse.

Mondyalizasyon, dèt eksteryè ak souverènte.

Menm lè pa gen okipasyon militè, souverènte peyi Lamerik latin yo menase pou rezon sa yo:

- Mwayen lajan: kantite lajan kap sikile nan peyi rich yo gen yon gwo enflyans sou ekonomi lokal yo.
- Lajan etranje yo : ogmantasyon sèlman to enterè a yon sèl pwent anplis, nan peyi Etazini sifi pou souse tout lajan nan peyi Lamerik latin yo, sa ki fè ekonomi rejyonal la fè bèk atè.
- Dèt eksteryè a : règleman l fè, nan majorite peyi Lamerik latin yo, vin gen yon ogmantasyon ki pa koresponn ak bidjè Leta (pa gen reyenvestisman richès nasyonal nan kapasite pou peyi a pwodwi). Tandis ke si peyi a pa peye, yo ap mete l sou "lis nwa" sa ki fè li pa gen dwa ak lajan ki ap soti nan kominote entènasyonal la, sitou nan Bank mondyal ak FMI. Konfizyon sa a fè anpil peyi oblije fè plis dèt pou yo ka resevwa èd entènasyonal.

Prensip demokrasi a pèdi lafas

Nan sistèm newoliberal la, sitwayen yo pa santi yo pwoteje. Yo pa kwè ni nan pati politik yo, ni nan gouvènman an, ni nan Leta. Konsa kwayans ki vin devlope lakay yo se chak koukouy klere pou je l, sa ki fè enstitisyon ki ap travay sou kesyon demokrasi a pèdi lafas. Lè nou konsidere vin gen plis povrete, kesyon miwo-miba nan distribisyon byen Leta a vin ogmante, tout difikilte ki genyen pou fanm yo jwenn travay, tout bagay sa yo fè vin gen yon gwo enstabilite politik nan rejyon an.

Se kesyon demokrasi a menm kap degrade, lè politik ajisteman estriktirèl la febli mwayen Leta genyen pou l ta bay tout moun menm chans pou yo ta benefisye nan byen Leta genyen ak nan

sèvis ki pi enpòtan li ta dwe bay popilasyon an

“Ki kantite povrete demokrasi a ka tolere? Si pita, enstitisyon demokratik yo pa bay rezilta ekonomik ak sosyal pou majorite moun nan sosyete a ka viv pi byen, pou konble gwo separasyon ki genyen ant rich la ak pòv la, pou diminye gwo eka ki genyen ant sa modènizasyon an pote a ak sa ki te deja genyen depi lontan, konsa, nou ka vin pè pou vye tradisyon sa a ki te genyen depi lontan an pa retounen ankò: kesyon otoritaris la kote pi gwo ap peze pi piti”³².

Sitiyasyon yo difisil men gen yon ti espwa toujou

Gen anpil òganizasyon nan sosyete sivil la, ki aktif anpil nan lokalite yo, yo òganize yo pou yo ka jwenn dwa yo (dwa ekonomik, dwa sosyal, dwa kiltirèl, dwa moun, elatriye.) epi tou, yo vle devlope yon lòt fason pou yo pwodwi, ak yon lòt fason pou yo konsome (mouvman koperatif yo, elatriye.) Pi gwo defi a, se pou nou pa rive sèlman aji sou onivo lokal, men se fè vwa nou rive pi wo, onivo nasyonal e menm global.

Avèk mouvman sosyal yo, mouvman ki chita nan baz yo, li posib pou nou etabli yon alyans politik ki gen yon vizyon pwogresis : eleksyon Pati Travayè nan peyi Brezil la genyen an, se yon rezilta yon gwo travay ki chita sou yon peryòd ki long anpil, yon peryòd pi plis pase 15 lane. Men nan yon sosyete ki konsantre anpil, yon gouvènman ki fenk monte sou pouvwa a, li limite anpil nan aksyon li ka antreprann. Sa montre difikilte ki ap genyen pou jere peryòd ki vini touswit apre eleksyon an: rive pran pouvwa a se yon etap ki long anpil epi ki difisil an menm tan pou yon mouvman pwogresis, chanje estrikti Leta se youn ankò. Li difisil anpil tou, si yo pa fè atansyon, yo ka tonbe nan menm pyè la ki se repwodwi mekanis ki kreye miwo-miba ak yon sitiyasyon politik kap dodine. Ka

³² Carlos FUENTES: li soti nan “Democracia latinoamericana: anhelo, realidad y amenaza”, Suplemento Bitácora, La Republica, Montevideo, 14 juin 2001, p. 16

Lula montre bagay sa a aklè: lè ou rive prezidan, sa pa vle di ou pran pouvwa pou sa. Se pa klas sosyal ki mete l sou pouvwa a ki pral eli l ankò nan pwochèn eleksyon yo, men se lòt sektè nan sosyete a.

Nan peyi Bolivi, èske Evo Morales ap rive jwenn yon alyans pwogresis pou chanje estrikti ki repwodwi miwo-miba ak depandans yo?

Kòm konklizyon, analiz nou fè sou pwosesis chanjman kap fèt nan rejyon an fè nou wè defi Amerik latin modèn nan gen pou li leve: yon modèl devlopman ki pèmèt peyi ki nan rejyon sa a jwenn yon plas yo kote yo gran moun tèt yo tou nan sistèm mondyal la. Epi an menm tan tou ki bay pwosesis demokratizasyon sosyal la jarèt sou yon baz materyèl, se pi bon kondisyon ki ka bay demokrasi politik la fòs, dimansyon sa a pa ka separe ak demokrasi politik la.

Kèk mak fabrik rejyonal ki gen rapò ak devlopman lokal an Ayiti (desantralizasyon, patisipasyon sosyal lokal)

Nan Lamerik Santral:

- Kòm politik ajisteman estriktirèl la vin febli Leta a, Leta oblije santralize tout desizyon yo ak kesyon jesyon bidjè yo. Si pa gen refòm, pa gen posibilite pou gen devlopman lokal.
- Rapò ant gouvènman lokal yo ak Leta santral la, pa fè gen bòn gouvènans. Manke patisipasyon ak transparans.
- Lè yo pa nan peryòd eleksyon, pa gen okenn dyalòg ant gouvènman an ak elektè yo.
- Moun ki eli yo konsidere responsabilite yo kòm byen prive yo, konsa yo dwe tire plis pwofi posib.

Nan pwent Sid la :

- Pati Goch yo, menm si yo gen yon diskou favorab, yo pa fè desantralizasyon an konfyans:
- selon yo menm, se sèlman Leta Santral ki kapab jere kesyon devlopman

an, sa soti nan Leta ki te genyen depi nan lane 60 yo.

- yo melanje kesyon desantralizasyon an ak pwojè newoliberal la (ladanl pa gen bidjè lokal nan bidjè nasyonal la).

- Gen anpil risk pou nou retounen vin wè fason moun yo te konn mobilize yo diminye si patisipasyon sitwayen yo pa bay chanjman ekonomik ak sosyal ou byen si lavi miyò pa rive jwenn tout moun egal-ego.

Nan rejyon andin nan:

Kesyon desantralizasyon an dwe trete an konsètasyon ak tout aktè yo. Li dwe soti yon pwojè politik nasyonal, si se pa sa, lap vin ranfòse kesyon inegalite sosyal la pi rès. Yon egzanp, nan peyi Bolivi, zòn ki pi rich yo mande yon desantralizasyon pou yo ka konsève richès yo genyen nan zòn yo.

Tout bagay sa yo egziste an Ayiti tou. Patisipasyon tout moun nan yon rezo kote nap chanje eksperyans nou, epi fè aksyon yo ansanm nan menm direksyon, 2 bagay sa yo enpòtan anpil pou òganizasyon popilè ki nan sosyete sivil la, se yon wout ki ka mennen nou nan yon posibilite pou nou gen yon devlopman ki byen repati.

Lide ki soti nan deba apre entèvansyon Jorge Balbis la

Batay pou demokrasi a se yon limyè ki pèmèt nou vanse pazapa avèk yon seri objektif klè, konkrè, ki mande kèk fwa pou nou fè bak.. Men se yon travay kap pran tan, se yon travay enpòtan, ki gen yon bon sans pou sosyete a. Devlopman lokal la, ki pwopoze yon kontni ekonomik epi ki nan yon pwojè politik global se yon chemen enpòtan nou pa dwe neglije. Egzanp nou jwenn onivo lokal la montre bagay sa yo aklè tankou moun yo tap goumen kont kesyon privatizasyon dlo yo. Si dlo yo ta vin privatize se tap yon gwo dezaz. Sa te pwovoque yon reyaksyon kote tout sosyete sivil la te patisipe kote yo te rive jere sèvis piblik yo.

Rezime istorik entèvenan te bay la, montre **enpòtans Edikasyon- konsyantizasyon ak fòmasyon** ki dwe fèt pou sektè

òganize sosyete sivil la pou yo ka konprann fason pwosesis la difisil anpil, konsa yo ka chèche fason ak pratik ki pi efikas.

Si se pa sa, gen anpil risk pou listwa a repete, pou gouvènman bout di yo retounen ankò epi pou vin gen dezòd toupatou. Nan peyi Brezil, se nan yon gwoup chanjman an soti. Gwoup sa a te montre li te gen anpil kapasite pou li reflechi pou yo konprann epi pou yo fè analiz, sitou moun sa yo ki abite nan milye rural yo. Mouvman sosyal la se kle pou tout moun ki vle chanjman, pou tout pwosesis konsyantizasyon, pou tout kreyasyon ak ranfòsman konsyans sitwayèn nan.

Regwoupman òganizasyon yo ak objektif ki menm yo pou gen yon chanjman sosyal : Lè gen yon bon lyen, lè mouvman sosyal ki gen menm objektif yo ak menm ajannda yo byen atikile, pwa sou fason yo pratike chanjman sosyal yo ranfòse. Popilasyon an dwe pran tan pou yo chwazi ak ki mouvman sosyal epi ak ki ONG yo deside travay. Sa pral depann pozisyon yo pran sou dwa gran moun yo pa rapò ak tout zouti newoliberal la mete kanpe. ONG pa oblije vle di chanjman sosyal, se menm bagay la tou, yon mouvman sosyal pa vle di yon mouvman popilè.

Gen kanmenm yon mo ki ka fè nou espere: *“lè li pral jou se lè sa a li pi fèpi nwa.”*